Зы къэралщ, и цIыхухэри зэхуэдэщ

2-нэ нап.

Ягъэ дитщ

2-нэ нап.

Динар - иджырей дунейм

3-нэ нап.

Гъуэныбэ Iэуес и хъуэпсапIэхэр зыIэрегъэхьэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№116 (24.554) ● 2023 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

«Ар зыхуадар сэрауэ щытми, Зэры-Кавказу яхуэхъуащ»



4-нэ нап.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэм къыз эритамкIэ

Шынагъуэншагъэр ягъэнэхъапэ

ВидеозэпыщIэныгъэ Iэмалыр кIигъэсэбэну КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ шынагъуэншагъэм, Iулъэ Iыхьным пэщIэтыныныр хабзэр къыззпемыгъэудыныкIэ зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу КИФIЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ цIыхуэр куэду щыIэхуэзэ щIыпIэхэм, ещанIэхэм терроР и лъэныкъуэкIэ шынагъуэншагъэ кIыхьрыщыIэзгъэпэщыпхъэм, апхуэдэуи щIэпхъаджагъэхэм щыхъумэным. Псалъэмакъым хэтащ УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кикоть Андрей, УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIи и министерствэм КИФIЩI-мкIи и Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI Бачурин Сергей, УФ-м и Лъэпкъ гвардием Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм щиIэ дзэхэм я командующэ Захаров Сергей сымэ.

Чайкэ Юрий псалъэмакъым кIыхигъэщащ еджапIэхэр шынагъуэншагъэм хуэщIа техникэкIэ кIыззгъэпэщыныкIэ террор Iуэхугъуэ къэхъумэ, егъэджакIуэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ хуэгъэхъэзырыныкIэ щIыналъэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIар. Абы жиIащ апхуэдэ профилактикэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Апхуэдэуи щIыналъэм хыхьэ щIыпIэхэм я Iэтащхьэхэм къалэн ящищIащ а унэтIыныгъэмкIэ лэжьыгъэхэр адэкIи щIэгъэхуэбжьэн хуейуэ.

КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ щIэпхъаджагъэхэр щIыналъэм щыгъэмэщIэным дяпэкIи гулъытэ хуэщIын зэрыхуейм, тутнакъэщхэм исауэ хуит ящIыжахэр лэжьапIэ IэнатIэкIэ кIыззрызэгъэпэщыпхъэм. Апхуэдэхэм къытраГъэззжу ялэжь щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр щIыналъэм нэхъ мащIэ щыхъуащ проценти 4,4-кIэ.

Псори и чэзум зэфIагъэкIынущ

Тхьэмахуэ къэс екIуэкI «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэр зэхишащ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, министрхэр, щIыналъэ администрацэхэмрэ къалэ округ-округхэмрэ я унафэщIхэр.

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬЫПХЪЭ Iуэхуэхэм ящыщу мыхьэнэ нэхъ зратхэм яэт дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм я сабийхэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ, иджыблагъэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ ирагъэжьа «Зауэм и бынхэр» проектым и лэжьакIэр. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, КЪБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъу **Миронов Николай**, лъэпкъ Iуэхуэхэмэ зыкIагъуэ проектэмкIэ министр **КIурашын Анзор**, щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ министр **Лу Азэмэт** сымэ.

Проектым ипкъ иткIэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я сабийхэм кураторхэр, кIэлъыплъакIуэ щхьэхуэхэр хуагъэувы-тIыныгъэм елъытауэ. ЕгъэджэныгъэмкIэ курсхэм я зыр щекIуэкIынущ «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым. Программэм хэтщ лекцэ кьеджэныр, гъащIэм къыщыхъу щытыкIэхэм хуэгъэсэныр, псэлъэкIэ егъэщIэныр.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ «Зауэм и бынхэр» проектым ипкъ иткIэ къыдэкIуэтей щIэблэм иджыпсту зэрадалажьэ Iэмалхэр иужькIэ щытыкIэ гугъум ихуа сабийхэм епхьэлIэ зэрыхьэнур. Къэралымрэ жылагъуэмрэ къатохуэ узыхуэсакъыпхъэ щытыкIэм ихуа сабийхэр гуп мыхъумыщIэхэм яхэмыхуэн папщIэ, якIэлъыплъыну.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Унагъуэм екъэлIапхъэ чэнджэщхэмкIэ центр къызэбгъэпэщ зэрыхъунум, ар гъэсэныгъэм къызэрыщысэбэлъынум.

И гугъу ящIащ республикэм ис щIалэгъуалэм Урысейм зэрыщыщыр зыхащIэу къыдэкIуэтеиным елэжьын зэрыхуейм. Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэдэгуэша нэужь, дэтхэнэ проектми иджыри хэплъэжьынущ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ лъэпкъ федеральнэ проектхэм къызэщIаубыдэ ухуэныгъэхэр зэIуэпэщ щIыжьын зэрыхуейм. Абыхэм яхеубыдэ цIыхухэм япэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ щагъуэт Iуэхущ Iапэхэр, щэнхабзэм, спортым епхахэр, коммуналынэ, гъуэгу инфраструктурэм зыщагъэужьхэр. Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ къалэн зыщащIыжа дэтхэнэ лэжьыгъэри и IалъэмщIа зэфIагъэкIыну.

Шынагъуэншагъэр ягъэнэхъапэ

ВидеозэпыщIэныгъэ Iэмалыр кIигъэсэбэну КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ шынагъуэншагъэм, Iулъэ Iыхьным пэщIэтыныныр хабзэр къыззпемыгъэудыныкIэ зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу КИФIЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ цIыхуэр куэду щыIэхуэзэ щIыпIэхэм, ещанIэхэм терроР и лъэныкъуэкIэ шынагъуэншагъэ кIыхьрыщыIэзгъэпэщыпхъэм, апхуэдэуи щIэпхъаджагъэхэм щыхъумэным. Псалъэмакъым хэтащ УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кикоть Андрей, УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIи и министерствэм КИФIЩI-мкIи и Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI Бачурин Сергей, УФ-м и Лъэпкъ гвардием Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм щиIэ дзэхэм я командующэ Захаров Сергей сымэ.

Чайкэ Юрий псалъэмакъым кIыхигъэщащ еджапIэхэр шынагъуэншагъэм хуэщIа техникэкIэ кIыззгъэпэщыныкIэ террор Iуэхугъуэ къэхъумэ, егъэджакIуэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ хуэгъэхъэзырыныкIэ щIыналъэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIар. Абы жиIащ апхуэдэ профилактикэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Апхуэдэуи щIыналъэм хыхьэ щIыпIэхэм я Iэтащхьэхэм къалэн ящищIащ а унэтIыныгъэмкIэ лэжьыгъэхэр адэкIи щIэгъэхуэбжьэн хуейуэ.

КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ щIэпхъаджагъэхэр щIыналъэм щыгъэмэщIэным дяпэкIи гулъытэ хуэщIын зэрыхуейм, тутнакъэщхэм исауэ хуит ящIыжахэр лэжьапIэ IэнатIэкIэ кIыззрызэгъэпэщыпхъэм. Апхуэдэхэм къытраГъэззжу ялэжь щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр щIыналъэм нэхъ мащIэ щыхъуащ проценти 4,4-кIэ.

Унэхэр зыхуей хуагъазэ

«КЪБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр зехьэныкIэ щIыналъэ оператор» Iуэхущ Iапэм и унафэщI Кулиев Мустафирэ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ гъубж кIуам лэжьыгъэ Iуэхуклэ зэхуэзащ.

ЩIЫНАЛЪЭ программэм кIыззрыщыгъэлъагъуамкIэ, мы гъэм фэтэр куэду зэхэт унэ 90 зыхуей хуагъэзэжынущ, лифт 45-рэ зэрахъуэкIынущ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр ирахьэлIащ унэ 37-м, унэ 21-м лифтыщIэхэр щIагъэуващ.

КЪБР-м и Iэтащхьэм и нэIэ тетынущ 2024 гъэм апхуэдэ унэхэр зыхуей хуэгъэзэныкIэ планыр зэрызэхалъхьэм.

Яхузэфiэкiахэмрэ къапэщылъ къалэнхэмрэ

Налышык Правительствэм и Унэм КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыхуэзащ УФ-м и Социальнэ фондым ди республикэм щиIэ къудамэм и унафэщI Бакъ Николай. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэм щыпсэухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ фондыр зэрадэIэпыкъум, блэкIа зэманым ар зыхунэсахэмрэ къэкIуэну илъэсым хуаIэ мурадхэмрэ.

Бакъ Николай псалъэмакъым кIыззрыхигъэщамкIэ, ар зи пашэ IэнатIэм лажьыгъэхэр жыджэру, и чэзум икIи флагъ иIэу зэфIэхыным гулъытэшхуэ щыхуащI. Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIу зыщIагъакъуэ апхуэдэ хуитныгъэ зиIэ хьуа цIыхухэм, пIалъэ кIыхьамыгъэкIыу. Гулъытэшхуэ зыгъуэтхэм ящыщщ бын зыпI унагъуэхэр. 2023 гъэм ипэкIэ апхуэдэ унагъуэхэм ират сабийахьшэр цIыкIуэм я ныбжьым елъытауэ зэхадзу щытамэ, иджы зыуэ щыт апхуэдэ мылъкур яхуокIуэ ильэси 8 - 17 хъу сабийхэр щапI унагъуэхэм. Зыуэ щытахъшэм апхуэдэу кIыззщIиубыдащ уэндэгъугъэ зыбгъэдэлъ бзыльхъугъэхэм, ильэси 3 - 7 зи ныбжь цIыкIуэхэм, унагъуэм ягъуэта етIуанэ сабийр ильэси 3 ирикъуэу анэ мылъкум кIыхькIыу ирату щытаахъшэхэр. А псоми куэдкIэ нэхъ тынш ящIащ сабий ахъшэхэр кIыпIэрыхьэн папщIэ ягъэхьэзыр дэфтэрхэр зэхуэхьэсыныр.

ЗэIущIэм хэхаэу щытепсэлъыхьащ социальнэ фондымрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондымрэ зэрызэдалажьэ щIыкIэхэм, ипэкIэ зэрауахылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ. Социальнэ фондым и Iуэхущ Iапэ псоми Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэну набдзэгубдзаплъэу щадолажьэ СВО-м хэтхэм, ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъун и лъэныкъуэкIэ, хуей хъумэ, чэнджэщэмкIэ зыщIагъакъуэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIащ УФ-м и Социальнэ фондым и щIыналъэ къудамэм лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыщыщэфIахыр зэригуапэр, апхуэдэуи къыхуриджащ зыкъыхуэзыгъазэ дэтхэнэ цIыхуми дяпэкIи хуэфащэн гулъытэ хуащIу и Iуэхур тэрэзу зэфIахыну.

Я щIыхьыр яIэт

Суворовым и орденыр зезыхьэ 58-нэ армэм «гвардие» цIэ лъапIэр къыззрыфIащам щхьэкIэ абы и зауэлIхэм ехьэхъуащ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. А Iуэхум теуха Унафэр Урысей Федерацэм и Президентым и сайтым къралъхьащ.

IЭТАЩХЬЭМ етх: «Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и УнафэкIэ, Суворовым и орденыр зезыхьэ 58-нэ армэм Хэкур хъумэным, къэрал Iуэхур дэIыгъыным ехьэлIауэ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэпсагъуэу зэрызауэм папщIэ «гвардие» цIэ лъапIэр къыфащащ.

Хуабжьу дропагэ Суворовым и орденыр зезыхьэ 58-нэ «гвардие» армэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ди щIалэхэм къулыкъу зэрыщащIэм.

Ди къэралым и къэкIуэнур мамыру щытын папщIэ ахэр зауэ губгъуэм махуэ къэс щIипэщIэтщ террористхэр, фашизмэр гъэкIуэдыным.

Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу сохъухэку армэм хэтхэм апхуэдэ гулъытэ лъагэ къызэрыхуащIам папщIэ, икIащIыпIэкIэ ТекIуэныгъэр къахьыну, ехьулIэныгъэ яIэну».

Суворовым и орденыр зезыхьэ 58-нэ «гвардие» армэм ди лъахэгъу, ди лъэпкъэгъу щIалэ куэд хэтщ. Къапщтэмэ, дзэлIхэр зыгъэхьэзырхэми, зауэ губгъуэм иту хэкур зыхъумэхэми я лIыгъэм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Стажёр, Лифт (тIури Прохладнэ щыщщ), Заря (Эмкуэу), Журналист (Къохъун), Нольсемь (Сэрмакъ), Кабардос, Медведь, Панамэ (псори Налшык) - дзэм къыщыфIащащ апхуэдэ цIэ лейхэр зезыхьэ щIалэхэм я хэкупсагъэм, хахуагъэм гъунэ иIэкъым, хэкум и щхьэхуитныныгъэмрэ мамырыгъэмрэ я псэ емыблэжу яхъумэ.

ШЫПШ Даянэ.

Ди къуэш республикэхэм

Зэрызэдэлэжьэнур ягъэнаIуэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Правительствэм и Унэм Адыгейм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат лэжьыгъэ Iуэхуклэ щахуэзащI Урысей МВД-м и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ институтым и унафэщIм и къуэдзэ Невский Сергей, институтым и Iэнатlэ хэхам и унафэщI Черкасов Роман, къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру АР-м щыIэ Безсмельницын Олег. Ахэр тепсэлъыхьащ зэрызэдэлажьэнум.**

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ республикэм щытыкIэр зэрыщыщэпэзэрытыр икIи я нэIэ зэрыщIэтыр. Апхуэдэми, Адыгейм и Iэтащхьэм жиIащ республикэм мамырыгъэр щыхъумэным, щIыналъэ псом щытыныгъэшагъэмрэ хабзэмрэ къыщыззгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Абы елъытащ инвестицэхэр республикэм къыхегъэлъхьэныр, зыплъыхьакIуэ нэхъыбэ къыдэхьэныр.

Урысей МВД-м и IэщIагъэлIхэм тхьэмахуэ зэхуакум кIуриубыдэу республикэм жылагъуэ-политикэ, экономикэ щытыкIэр зыхуэдэр къыщапщытэнущ, полицэм и лэжьыгъэр жылагъуэм къаззрыщыхъур, щIыналъэ МВД-м и Iэнатlэхэр, республикэм и гъэззщIакIуэ органхэмрэ законодательнэ властымрэ зэрызэдалажьэр зрагъэщIэнущ. Абы ехьэлIауэ яхуэзэнущ республикэм и къулыкъушIэхэм, жылагъуэ, дин Iуэхущ Iапэхэм, СМИ-м я лIыкIуэхэм.

Умар и гъэлъэгъуэныгъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Черкесск сурэтхэр щагъэлъагъуэ и галереем къыщыззIуахащ УФ-м щыIх зиIэ и художник, КъШР-м и цIыхубэ сурэтыщI Мижев Умар и выставкэ. Абы и Iэдакъэщ Iэкlэхэм къыхэщырт и лъахэм и дахагъэр, лъэпкъэм я тхыдэмкIэ игъэззэкырти, щIыпIэм щыпсэухэм я псэуклIари наIуэ къыщIырт.**

- Мы гъэлъэгъуэныгъэм и мурадыр ди республикэм пщIэ щызиIэ Мижев Умар и Iэдакъэщ Iэкlэхэр утыку къыхьэнырщ. Абы лъабжьэшхуэ зэриIэр, ипэжьыпIэкIэ гъуэзджэ нэсыр, и мурадхэм хуэкIуэкIэрэ цIыхум зыIэригъэхьэфынур яльагъуныщ. Гъэлъэгъуэныгъэм илъэс ныкъыкIэ зыхуэдгъэхьэзыращ. Мыбы фыщыкIэльыплъыфынущ Умар и гъащIэ гъуэгуанэми, - жиIащ УФ-м щIыхь зиIэ и художникым ипхъу Мижевэ Самантэ.

- Умар и Iэдакъэщ Iэкlэхэм сыщепльыкIэ абы къыджи Iэну зыхуейр сльагъу къудейкъым. ЗыхьизощIэ гуфIэгъуэ, пIейтеиныгъэ, лъагъуныгъэ, нэщхьеигъэ, гъащIэгъуэн - а сурэтхэм щыслъагъур си гъащIэрщ. Ар си куэджэрщ, си къуршхэрщ, си гъунэгъуэхэрщ, - жиIащ выставкэр къыщызэIуахым КъШР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и куэдзэ Къэбардэ Иринэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр жэпуэгъуэм и 8 пщIондэ екIуэкIынущ.

ХэкIуэдахэм я фэеплъ

АБХЪАЗ. **Лъэпкъым и текIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу Меркулэ къуажэм къыщыззIуахащ Абхъазым щекIуэкIа Хэку зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ. Къуажэм и Iэтащхьэ Хурхумал Анри зэрыжиIащи, 1992 гъэм фокIадэм и 26-м Меркулэ щыIащ япэ зэхуэар, жылэдэсхэм ящыщхэри щаукIащ. Зауэр ирихьэлIэу къуажэм, фэеплъ къыщыззIуахыну я мураду, мывэ щагъэтIылъат абдеж щыхэкIуэдахэм я щIыхькIэ, ауэ ар къызэIуихыным иджыщ щахуэзэфIэкIар.**

Iуэхум хэтащ Абхъазым и президент Бжание Аслъан, егъэджэныгъэмкIэ министр Габлие Инал, кIуажэдэсхэмрэ школакIуэхэмрэ.

Очамчыр район администрацэм и Iэтащхьэ Бигвавэ Бесльэн къыхигъэщащ Абхъазым и хуитныгъэм папщIэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэр зэращымыгъупщэр, пщIэ зэрыхуащIыр.

-Ахэр ноба я унэм щIэсыжьыфынут, арщхьакIэ зауэлIым и гъуэгур къыхахри, я гъащIэр ятащ Хэкум и хуитныгъэм папщIэ, - жиIащ абы.

Фэеплъым тетхащ зауэм хэкIуэда хуэхуэдэс 62-м, Меркулэ щыIэхэта зэхуэхуэсэм езыхэм я жэрдэмкIэ хэтауэ цIыху 21-м я цIэхэр.

Ар къызэIуахащ Меркулэ щыпсэухэу Канджи-Оглы Гурамрэ Гадлие Тенгизрэ.

Къыхэдгъэщынщи, Куржы-Абхъаз зауэр зэриухуэр 2023 гъэм фокIадэм и 30-м илъэс 30 ирокъу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьэм папщIэ



«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - щэкIуэгъуэм (ноябрым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ IапIэми.

Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 273-рэ кIэпIейкIэ 30-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 248-рэ кIэпIейкIэ 34-рэ.

Ди индексыр П 5894

Захуагъэмрэ пэжымрэ я гъуазэу

Краснодар крайм хыхьэ Сочэ къалэм тхьэмахуэ блэкІам щекІуэкІащ «Урысейр зэрыщыту-2023» иджырей журналистикэмкІэ 27-нэ зэхуэс ин. Я Іуэху зехьэкІэхэмкІэ, лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп мардэщІэхэмрэ еплъыкІэщІэхэмкІэ зэдэгуэшэну абы къриохьэлІат Урысей Федерацием и Іахьилхэр, журналистхэм я Іэнатіэхэм я лЫкІуэ 1000-м щІигъу. Форумым илжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЛЫкІуэхэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жылаго Заурбэч я пашэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым я лЫкІуэхэу журналист зэхуэсым кърихьэлІаХэр.

СОЧЭ къалэм и ЩІымахуэ театр иным къыщыдэІуахащ форумыр, гуфІэгъуэ щытыкІэм иту. Абы кърихьэлІа къулыкъущІэхэм яхэтт УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм (СЖР) и унафэщІ Соловьёв Владимир, абы и къудэкІуэ, зэгухьэныгъэм и секретарь Шафкевич Александр ГъунэгъуэщІ щІыналъэ, «Урысейр нобэ» агентствэм и унафэщІ Кисилёв Дмитрий, УФ-м и Президентым и нэІэм щІэт, Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ и советым хэт Коц Александр, СЖР-м и щІэныгъэ журналистхэм я гильдием и пашэ Резниченко Андрей, «Медиатех» онлайн-школым и къэзэрэпщІакІуэ, Езанэ телеканалым и лэжьакІуэ Левандовский Андрей, Сочэ къалэм и администрацием и Іэтащхьэ Копайгородский Алексей, нэгъуэщІхэри.

- Иджырей журналистхэр пэщІэтщ пэжри пцІыри Іэзэу щызэхахуэнэ хьыбарегъащІэ ебгъэщІыкІуэныгъэ ткІийм, - къыжиІуащ Соловьёвым, форумыр къыщызэІуихым. - Абы и лЫкІуэхэр ди къэралым и хьыбарегъащІэ Іэнатіэм пэрыт Іэщ1агъэлІэхэр мэлажьэ, захуагъэмрэ тхыдэм и пэжымрэ я тегъэщІапІэу, сыт хуэдэ Іуэхугъуэми щІэныгъэ лъабжьэ быдэ зэрыригъэжьуэтыным хущІэкъуэу. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэЩІым папщІэ фІыщІэ фхуэщІ фэ, си лэжьэгъу лъапІэхэ. Сыхуейщ фызыхэт зэхуэсым лэжьыгъэм къыщыфхуэщъхьэпэжьи Іуэхугъуэ хьэлэмэт хуэд ифхыну, фи нэгу щІэкІыну псори гукъинэ дахэ фхуэхъуну.

Зэхуэсыщхьэм кърихьэлІа журналистхэм, редакторхэм, блогерхэм папщІэ Іуэхугъуэ куэд къыщыдзэрагъэпэщащ абы. Пектор щІэрыщІэхэр, хъыбарегъащІэ Іэнатіэмкіэ эксперт пцІырызехьэхэр, политикэ, щэнхабзэ лэжьакІуэхэр, щІэныгъэлІэхэмрэ къэхутакІуэхэмрэ хэтащ абы и лэжьыгъэм. Ахэр журналистхэм лекцэ хьэлэмэтхэм ХьахуеджащІ, проектыщІэхэмрэ мастер-классхэмрэ щагъэлъэгъуащ, «стІол хъурей» зэхуэсхэмрэ гъэпсыкІуэгъэнымрэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ щрагъэкІуэкІащ.

Форумым щекІуэкІа егъэджэныгъэхэм къызэщІадыда Іуэхугъуэхэр 50-м щІигъурт. Апхуэдэхэт, псалъэм папщІэ, журналистхэр нейроСетхэм щылэжьэным хуегъэсэныр, медиа къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІым щыгъуэзэ хуэщІынкІэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Іащ1агъэлІэхэм я хуитныгъэхэр хьумэнкІэ епхаэхэр, «Дамыгъэ пэж» лъэпкъ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм зегъэужьыным ехьэлІаХэр, нэгъуэщІхэри. ЗэІущІэм къекІуэлІаХэм папщІэ «Жемчужина» хъащІэщІ и Іащ1агъэлІэ хуитым къыщызэрагъэпэщат «ЛЫхъужьхэм я анэхэр» проектыр зи гъэбжьэ сурэт гъэпсыгъуэ зэхэлэмэт. Апхуэдэу ЩІымахуэ театрми махуэ бжьыгъэкІэ щылэжьащ «ЩІыпІэр хуит къызэращІыжар. Зауэмрэ мамыр гъащІэмрэ зэрыслъэгъуар» выставкэ купщІафІэри. Абы щагъэлъэгъуащ «ЛЫхъужьыгъэм и орденыр» зыхуагъэфэща урысей журналист щІэрыщІэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Малькевич Александр ГъунэгъуэщІ щыналъэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам щытриха сурэтхэр. «Вечерняя Москва» газетым къызэІуиха «Ди лІэщІыгъуэр» гъэлъэгъуэныгъэри куэдым гунэс ящыхъуащ.

Кьинэмыщ1ауэ, «Жемчужина» хъащІэщІым УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ, щытхъу тхьилъэкІэ щагъэлъэпІащ илъэс блэкІам кърифыбыдэу утыку кърахьа журналист лжьыгъэхэм я нэхъыфІхэр зи Іэдакъэщ1экІхэр. А лжьыгъэхэр унэтІныныгъэ зыбжанэкІэ зэщъхьащыхат. Апхуэдэхэт, псалъэм папщІэ, «Журналист тхылъэ нэхъыфІыр», «Журналист проект нэхъыфІыр», «Хъыбарегъащ1э Іэнатіэм Интернетым щиІэ напэкІуэдІ нэхъыфІыр» унэтІныныгъэхэр, нэгъуэщІхэри. ГулъитІ лъагэ зыгъуэтахэм яхэхуащ ди республикэм къыщыдэкІ «Прохладненские известия» район газетыр (редактор нэхъыщхьэр Давранова Светланэщ), «Гъащ1эм и пшыхь» проект нэхъ къэпсэлъ, «Лъэпкъ нэхъ къэпсэлъ» Президент саугъэтхэмкІэ фондыр къадэІэпыкъуэ. Къэралым и журналистхэм я зэхуэс иным щызрагъэгъуэта зэфІэкІыщІэхэр, щІэныгъэщІэхэр абы хэта журналистхэм, шэч хэмылъу, къыщагъэсэбэпынущ зи лЫкІуэ хъуа хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм щызэфІах лэжьыгъэхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Урысеймрэ Египетымрэ зэдэлэжьэнущ

Урысеймрэ Египетымрэ адэкІи зэдэлэжьэнущ дунейпсо шынагъуэншагъэм пыщІа Іуэхуэхэр егъэфІкІуэнымкІэ. Абы иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Каир хьалэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и советым и аппаратым и пресс-Іэнатіэм къызэрыщыхагъэщ1ымкІэ, лЫкІуэ ЩІыпІэ зегурыІуащ зи гугъу тщІа Іуэхум жыджэру елэжьыну.

ЗэІущІэм хэтащ УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь Патрушев Николай, Египетым и президентым щІыхьэ шынагъуэншагъэр къызэрэпэщыныкІэ и чэнджэщагъу Эль-Нага Файза, республикэм и Іэтащхьэм терроризм пэщІэтыныкІэ и чэнджэщагъу Абдельгаффар Магди, къэралитІым я министерствэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр.

Урысей Федерацэмрэ Хьэрыпэ Республикэмрэ я мурадщ нэгъуэщІ Іуэху куэдкІи я зэпыщІэныгъэр нэхъ куу ящІыну. Абыхэм хохьэ БРИКС-мрэ ООН-мрэ купщІафІэу щызэІущІэлэжьэныр.

ЗэІущІэм къыщагъэлъэгъуащ Іуэхущ1апІэ хэхаХэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ дзэм пыщІахэмрэ ехьэлІауэ яІэ епГпыкІэхэри. ЛЫщІхьэхэр зэгурыІуащ терроризмэм пэщІэтыным, абы ахьшэ зэрыяхэм щІыкІэмрэ бзаджащІэхэм зыщагъэпщкІымрэ къыщІэтхъэщыным, хабзэм къемызэгъыу екІуэкІ Іэпхъуэшапхъуэм, цІыху зэращэм, компьютерхэр къагъэсэбэпу ялэжь щІэпхъаджагъэхэм ехьэлІауэ зэдэлэжьэну.

Апхуэдэуи къыхагъэщащ атом энергетикэмрэ банк ахьшэ Іуэхугъэмрэ я лЫныкъуэкІи зэпсэлъэн зэрыхуейр.

Еврэ мелуани 7 ирет

Франджым и Правительствэм еврэ мелуани 7 хухихынущ Нагорнэ Карабахым иІэпхъуэкІыу Армением кІуа ермэлыхэм защІигъэкъуэныным.

АБЫ ТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ Франджым и лЫкІуэу Ереван щыІэ Декотиньи Оливерэр Армением лэжьыгъэмрэ социальнэ Іуэхуэхэмкіэ и министр Мкртчян Нарекрэ.

Декотиньи Оливье къызэрыкІыгъэщамкІэ, Армением кхъухьлъатэ ягъэкІуэнущ, Карабахым гъэсыныпхъэ зэрыт цистернэ къыщыщыуам фэбжь хэзыхахэм папщІэ медицинэ Іэмэпсымэхэмрэ нэгъуэщІ хьэпшыпхэмрэ ипыу.

Зэрыфщ1эщи, Азербайджаным фокІадэм и 19-м Карабахым дзэ Іуэхуэхэр щригъэкІуэкІым щІидзащ, «конституцІэ ухуэкІэр къызэрэпэщыжын щІхьэкІэ терроризм дыпэщІэтынуэйщ» пуныцэр иІэу. Ереван ар хабзэншагъэу къыщащІытащ, ермэлы дзэ Іуэхущ1апІэкІэр Карабах зэрыщымыІэр къыхагъэщу. КъыкІэльыкІуэ махуэм Урысей и лЪэныкъуэр хэту зэгурагъэІуащ Іуэхуэр ящыІэну.

Азербайджаным хыхьэ Евлах къалэм фокІадэм и 21-м щ1эзэщ1ащ карабах ермэлыхэмрэ Азербайджаным и лЫкІуэхэмрэ. Ар теухуауэ щытащ щІыналъэр республикэм хэгъэхьэным.

Азербайджаным и президент Алиев Ильхам Тыркум и Іэтащхьэ Эрдоган Тайип фокІадэм и 25-м щ1ыщІам кІыхигъэщащ карабах ермэлыхэмрэ азербайджан цІыхубэмрэ зэзэгъэужьынымкІэ тамэмэ зэфІэкІыну къызэрильытэр.

♦Адыгэ фащэм и махуэщ
♦ЛъэпкъэрыІуэ узым обзныным и дунейпсо махуэщ
♦Къэрал хабзэм теухуа щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ
♦УФ-м и атом промышленностым и лэжьакІуэм и махуэщ

♦Урысейм щагъэлъапІэ генеральнэ директорым и махуэр
♦1931 гъэм къалъхуащ конструктор-модельер, АР-м и Къарал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **СтІащ Юрэ.**
♦1951 гъэм къалъхуащ жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-ми КъШР-ми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, педагогикэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, ЩІДАА-м и член-корреспондент **Бейтыгъуэн Іэуес.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градус 20, жэщым градус 15 щыхъунущ.

♦1860 гъэм къалъхуащ къэбардей къэрал драмэ театрым и актёр, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Быдэ Хьэсэн.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градус 20, жэщым градус 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Жыг зытеуэри мэгурым, пщІащэ зытехуэри мэгурым.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Урысейм Финансхэмкіэ и министерствэм иджыблагъэ хэІущІыІу ищІащ ищхьэкІэ къикІыу хуаутыпщ ахъшэр (дотацэр) УФ-м и щІыналъэхэм къызэрагъэсэбэп щІыкІэр. Ар нэхъыфІу зезыгъакІуэхэм яхэхуащ дзэ Іуэхугъэ ящІыналъэ республикэр япэ итщ Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ округым къыдыхэтхэм. Ставрополь крайр, Шэшэныр, Осетие-Ищхъэрэ - Аланиер курытхэщ, Дагъыстэнымрэ Ингушымрэ ищІагъкІэ щыІэхэщ. Министерствэм къихьакъым «флагъым» и пщалъэу кьигъэсэбэпар зыхуэдэр, ауэ арыншами гурыІуэгъуэщ ар ахъшэр зэпэщэчауэ къызэрагъэсэбэпым зэрытещІыхьар.

МЫБДЕЖЬМ зыщІыдгъэгъупщэнкъым дотацэм и нэхъыбэр Кавказ Ищхъэрэм къызэрыкІуэр. Псом хуэмыдэу ахъшэшхуэ зыІэрыхьэр Дагъыстэнымрэ (сом мелард 85,9-рэ) Шэшэнымрэщ (сом мелард 43-м щІигъу). А тІури хохьэ федеральнэ мылъкур нэхъыбэу зыгъэкІуэщІ щІыналъитхум (адрейкэр - Якутиерщ (сом мелард 56,7-рэ), Камчаткэрщ (сом мелард 44,1-рэ), Алтайрщ (сом мелард 32,4-рэ).

Зыкъомкіэ нэхъ мащІэщ Ставрополь крайм (сом мелард 23,3-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэрым (сом мелард 18), Осетие Ищхъэрэм (сом мелард 13,5-рэ), Къэрэшей-Шэрджэсым (сом мелард 12,9-рэ) яІыхьэжщ.

Псори щыгъуазэщ, къэралыр къадэІэпыкъуми, Кавказ Ищхъэрэм и цІыхухэм хэхъуэу яІэрыхьэр зыхуэдизымкІэ псоми къаззрыкІэрыхум. Ар къызэхэкІри гурыІуэгъуэщ: мыбы промышленность хьэлъэ щыІэкъым, щІыхэр хъугъэфІыгъуэхэмкІэ щыкъулейкъым. Ауэ хэкІыпІэкэр къагъуэт. Къэбэрдей-Балъкъэр мыиным къыщыпачъ Урысей псом пхъэщъэбмащъэкъуэ щыщрахьэлІэм и Іыхьэ щанэр икІи щамурадщ мыгувэу ар и зэхуэдитІым нагъэсыну. Ди республикэми адрей щІыналъэхэми щІэгъэпсыщІауэ зауэк икІи ар къагъэлъагъуэ бжыгъэхэм.

Иужь зэманым Іэщ1агъэлІэхэм нэхъ жалэ хъуащ зэрыщІыту лъэщуефІэкІуэн папщІэ Кавказ Ищхъэрэм иджыри къэс щІагъуэ къиныгъэсэбэпа къару зэрыбгъэдэлъыр. Ар мыбы туризмэр дунейпсо пщалъэхэм къихІасэу къыщыІэтыныщ. И щІыпІэ дахэхэмкІэ ди щІыналъэр зыми къыпикІуэтынукъым. Абыхэм гъэм и зэман псоми цІыхухэр зыІэпашэнущ. Иджыпсту щІэуэщІэшхуэ зиІэ Тыркум и зыгъэпсэхупІэхэри абыхэмкІэ зыщІытхъужьыфынукъым, ауэ и зыгъэпсэхупІэхэрщ а къэралым зыкъэзыгъэІэтар. ЗыІъэгъуэхэм зэрадІуэтэжьымкІэ, ахэр ильэс 30 хуэдизи ипэкІэ тхьэщІэпс икІутыпІэхэм ещхьу щытащ, иджы нэхэр пІэпах. Дыдейхэри абыхэм ещхь яхуэщІынущ, ахъшэм щымысхьу зрагъэужь куэдемэ. ИтІанэ дэ дыхуеижьнукъым дотацэ гуэри. Ар апхуэдэу зэрыхъунуми шэч хэлъкъым.

Телъхьэ зыхэмыт ахъшэ зэІэпыхыкІэ

Зи гугъу фхуэтщІынур мы гъэм фокІадэм и 1-м Урысейм и щІыналъэплІым - Шэшэным, Дагъыстэным Тэтэрым, Башкирием - зыщІыщІидза а ахъшэ зэІэпыхыкІэ гъэунэхунигъэщ. «Ислам банкинг» - апхуэдэущ дунейм ар нэхъыбэу къызэрыщацІыхыр - зытетщІыхьар щэрихьэт хабзэхэрщ. Абыхэм хуит ящІырхъым процент зыщхьэщатыкІ щІыхуэр. ЕтІуанэрауэ, мыбдеж щызекІуэрхъым къуэды гуэри.

НАІУЭУ зэрыщытщІ, банким къеІыпха ахъшэр ептыжьн хуейщ къыпхуигъэува пІалъэм утемыкІыу - абы кьитьытэркъым а ахъшэр сэбэп къыпхуэхъуу къэбгъэсэбэпами, къуымыгъэсэбэпами, улажьэми, умылажьэми. ЩІыхуэр птыжьну уи къару дэмыхуэми, кьоплъынукъым: къуэды, пени зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ ущІигъэнэнущ. Ислъамым ар гъэныхьышхуэу къелъытэ. ЩІыхуэр и чэзум пхуэмыпшыньжмэ, уи мылъкур пщІуэз птыж хъунущ икІи къуэдыи нэгъуэщІи кьыптралъхьэнукъым.

Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым кьызэритамкІэ, Кавказ Ищхъэрэ округым псори зэхэту цІыху мелуани 10,2-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу мелуани 6,2-м хуэдизыр муслъымэнщ. Мухьэмэд бегъымбарым и Іуэмэхэм процентыр ядэрэкъым, а щхьэусыгъуэм кьыхэкІыу банк Іуэхутхьэбзэхэр ялъэІэсыркъым. Уеблэмэ, къэрычэтыщІ лэжьыгъэм пэрытхэри аращ - ахэр хуейкъым я диным кьемызэгъу ахъшэ зыІэрагъэхьэну.

АпІэ ахъшэ зытхэмрэ къеІызыхэмрэ сыт хуэдэ щІыкІэм тету зэрызэдзэлэжьэнуг? Ахэр нэхъыбэу зытещІыхьауэ щытынур лІэужьыгъуитІыпщ. Япэр: зэращІылІа зэгурыІуэныгъэр и лъабжьэу инвесторым ахъшэр Іуэхуэхэр зезыгъэкІуэнум хуеутІыпщ, я диным хуит ищІ Іэнатіэхэм хилъхьэн папщІэ (фадэхэкІ, тутын зыгъэхьэзырхэри зыщ1эхэри зрагъэкІуалІэркъым). ЕтІуанэр: зэращІылІа сату зэгурыІуэныгъэм къыщагъэльагъуэ хьэпшыпыр щІыным тригъэкІуэдар, ахъшэу трилъхьэри зыхуэдизыр. Апхуэдэ щ1экІэр шэрихьэтым къоэзгъ.

Дауи, мыпхуэдэ ахъшэ зэІэпыхыкІэм псом япэу зи сэбэн хэлъынур - процент темылъу щІыхуэ къэзыщтэнуэхэщ. Хьарзынэкъэ атІэ щхьэщумытыкІыу пІалъэкІэ зэпыудаэу ар птыжьныр? Мыбы псом япэу зи фейдэ хэлъыр щІыху къызэрыгуэкІхэрщ. АрщхьэкІэ ахъшэшхуэ зезыгъакІуэхэри хилъафэркъым: банким, псалъэм и хьэтыркІэ, фэтэр къищІахуэ нэхъ лъапІэу ищэж хъунущ, ари едэ ислъамым.

Пэжу, мыпхуэдэ зэхущытыкІэхэр зыкъом щІауэ къокІуэкІ. ИкІи къэдгъэлъэгъуэ щІыналъэхэм я закъуэкъым апхуэдэу щыщІэздзлажьэр. Ингушми Къэрэшей-Шэрджэсми, мис а Дагъыстэми муслъымэн ахъшэ зэІэпыхыкІэхэм тету Іуэхутхьэбзэхэр ящІэу щыхьжьащ. Сыт ди гъунэгъуэхэмкІэ дыщІеплъэкІынри? Къэбэрдей-Балъкъэрми щыІэщ и уасэм процент щхьэщІыпыкІын хуэмейуэ хъэпшып къэпхуаутІыпщынымк и хабзэр. Ауэ апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ кьыпхуащІынэр зэлъытар а хъэпшыпым иІэ щІэупщІэрщ. Нэхъ игъэкІыгъуейэхэр къуатынущ, я уасэхэр пІалъэкІэ зэпыудаэу птыжьну. Къэтщтэнщи, зэрыжьыщІэ машинэр. АрщхьэкІэ зи уасэхэр щІэх-щІэхыуэрэ дэкІуей хъэпшыпхэм я деж апхуэдэ щІэзекІуэркъым. Апхуэдэм Іууахэр арэзы кьыддэхъунущ.

Мыпхуэдэу ущІэмыпущІэнкІи Іэмал иІэкъым: сыт атІэ «ислам банкинг»-р иджы ягу кьыщІэкІыжар? Дэ дежьІ щІэ щхьэкІэ абы куэд щІауэ щытетщ муслъымэн къэралхэм. ЖыпІэну ирикъунущ абыхэм щІэзращІылІа сату зэгурыІуэныгъэхэм я процент 70-р щэрихьэт хабзэхэм зэрытетыр. Псори зэхэту доллар триллиони 3-м щІигъу мы Іэнатіэм щагъэкІэрахъуэ.

Псори зи Іэужьыр США-р зи унафэщІ «Къуэлэпіэ зэкъуэтым» зи хуэдэ щымыІэу кьыдищІылІа санкцэ гущІэгъуншэхэм яужькІэ урысей экономикэм къэгъэзэж имыІэу Къуэкіыпіэмкіэ зэрызыгъэзэрщ. Зи гугъу тщІы ахъшэ зэІэпыхыкІэр. Урысейм къызэуцІэзэнущ Къуэкіыпіэ Гъунэгъуэм, Перс псы дэжьпІэм, Азие Курытымрэ Ипщэ-Къуэкіыпіэмрэ я къэралхэм ядригъэкІуэкІ финанс Іуэхуэхэм зригъэубгъун папщІэ. Аращ ди къэралым и щІыналъэплІым щрагъэкІуэкІ гъэунэхунигъэм апхуэдизу мыхьэнэ щІиІэр. Ар ильэситІкІэ екІуэкІынущ, фІы кьыдэкІуэу къаІльытэмэ, я ГъунэгъуэкІи хьыбэнущ.

Зы къэралщ, и цІыхухэри зэхуэдэщ

• Дызэкъуэту

Дунейм къыдэгъуэгурыкІуэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэпіэныгъэхэм ящыщщ гугъуехь е гъэунэхуныгъэ зэхуэхэм ядэІэпыкъуныр. Дэ, адыгэхэр, ди ныбжьэгъэхэ цІыхуэхэм Къэбэрдеим сыт щыгъуи хэщІапІэ щагъэуту къызэрекІуэкІэр. Мыбы апхуэдэхэр щызыхашэрт, унагъуэу щагъэтІысырт, зэман дэкІырти, адрейхэм къахэмыщІыж щыхъурт. Ар хъыбархэм я мызакъуэу литературэми къыхоущ.

А ІУЭХУМ дезыгъэгупсысар Урысейм Украинэм щригъэкІуэкІ дзэ Іуэху хэкІащ. Абы кьигъэпсэгъуащ ди къэралым и цІыхухэр зэрызэкъуэтыр, гуаузри гуфІэгъуэри зэрызэдагъэушыр. Урысейм хуит кьищІыжа щІыналъэхэр плъагъуу кьызэфІоувэж. ИкІи дэтхэнэри щогуфІыкІ абы езым кьыбгъэдэкІ и гуащІэ гуэр зэрыхэлъым. Апхуэдэ зэдзэІэпыкъуныгъэм и кьузпсхэр жьжьэ кьыщІокъжь, аращ езы къэралым и къарур кьызыхэкІри.

Псалъэм папщІэ, Урысейр иджы япэукъым мыбы ещхь щытыкІэ щихуар. ИкІи кьыхэкІыфащ зэхэгъэкІыныгъэхэм дех псоми - тепщэ гупхэми ищІагъкІэ щІыналъэм цІыхубэр кьеГъэлыныр икІи хьумэныр япэ зэрырагъэщІым кьыхэкІыр. Мис щапхъэхэр.

Илъэс щиц хуэдизкІэ монгол тэтэрхэм я бжьым щІэта урыс щыпгъуэхэр кьулейсыз дыдэ хъуат: абыхэм лъапсэрыкІыр кьыхуагакІуэрт зэпымыууэ къатеуэ япэрейхэм. Ауэ Москва щІыналъэм зыри кьеГъсэрэгъкъым абы ипщ Калита Иван и Іущагъым и фІыгъэкІэ - абы хьанхэр ІупэфІэгъу кьищІат. Джыназыр кьызыщхьэщыжьыр езым и цІыхуэхэм я закъуэтэкъым: абы зришалІэрт зыщІипсэу щыпІэхэм хьэзаб зыщытелъхэр. А псоми илъэси 5-кІэ, 10-кІэ, ящыныкъуэхэм дех илъэс 20-кІэ налогхэр ящхьэщихырт, езым и мылъкуу щІт мэзхэм унэ-пІэпсэ зэрауэхэну пхъэхэр кьыхах хъурт.

Пэжщ, ар бюджетым и дежкІэ хэщІыныгъэрт. Ауэ Москва евэлІат зэрагъэшхэнур, зэрамыгъэпудынур, кьаззрыдэІэпыкъунур кьызыгурыІуа цІыху куэд. Абы и фІыгъэкІэ щІы Іэнэщ1эхэр яващ, гъавэу кърахьэлІэм хуэдитІкІэ хэхъащ. И адэм и щапхъэм ирикІуащ и кьуэ Симеон Пагэри. Ар Москва и мызакъуэу, Новгородри ипщ хьуащ. Ясакыр (дань) Симеон кьаным щымыІэу ящхьэщихыфакъым, ауэ ар апхуэдизкІэ мащІэ иригъэщІыфати, зыми зыхищІэркъым. ИкІэм-икІэжьым, мис апхуэдэ цІыхухэрщ 1380 гъэм Куликовэ губгъуэм щытекІуар.

1382 гъэм хъан Тохъутэмыщ Москва ивыдауэ икІи игъэсауэ зэрыщытар тхыдэмкІэ тхылъэм итщ, ауэ зэкІуэдахэр зыхуэдизыр кьыщыгъэлъэгъуакъым. Джыназ Донской Дмитрий хъэзэрщ щІарилъэхьащ, абыхэм ящхьщу пщІей къэс уасэу зы сом хуигъэуври. Псори зэхэту хьэдэщІэлъхьэм сом 300 хуэдиз тригъэкІуэдащ. Есэп кьызэригъэкІым къеГъэлъагъуэ псори зэхэту цІыху мин 25-рэ - къалэм щыпсэухэм я Іыхьэ щанэр - хэкІуэдауэ зэрыщытар. Къелахэм езыхэм я къару закъуэкІэ щІалъхьэжьфынутэкъым хэкІуэдахэр. Абы и фІыгъэкІэ лъэрыщІыкІ емынэ уэзыр къэхъеякъым.

Пщы унагъуэм апхуэдэу и пщэ дилъхьэжащ уІэгъэхэм, зыщІипсэун зимыІэу кьэнахэм ядэІэпыкъунри. Донской Дмитрий и цІыхуэсэ Евдокие езым и дыщэхэкІхэр хамэ къэралхэм кьикІа кьулеижьхэм ярищащ. Кьышіиха сом мини 3,5-р кьанэ щымыІэу ятригъэкІуэдащ хуэныкъуэхэм.

ЕпщІыкІубланэ лІэщІыгъуэр къэсыхукІэ Урысейр гуэзвэгъуэшхуэ зэмыту псэуащ. Ауэ илъэси 3-кІэ зэкІэлъыкІуэу 1601 - 1603 гъэхэм - Урысейм гъавэ щІагъуэ къыщыраХьэлІакъым. Москва и закъуэ цІыху мини 120-рэ щылІащ. Іуэхум щІыгъуэзэкэр щІыхьэт зэрытехъэмкІэ, псори зэхэту Москва къэралыгъуэм щыпсэухэм я Іыхьэ щанэр гъаблэм Іуихащ. А бжьыгъэр процент 75-м нэсынут, пащтыхь Годунов Борис мыхъуамэ.

Псом япэу Годунов езым и гуэнхэр къызэІуихащ икІи гъэр щынэхъыфІхэм щыІа уасэмкІэ гъавэр ищу щІидзащ. Гъэдэсым ирисондэджэрхэм я щхьэхэр пилъэрт, утыкум щызэхэуэса цІыхухэм ялъагъуу. Борис и ахъшэхэри ягуэшу щІадзащ: Смоленск сом мин 20, Москва сом мин 200 яІыхьащ. Абы кьыдэкІуэу мы пащтыхьым ипэжыпІэкІэ пщылІар Іуигъэкlат: апхуэдэр хуитт зейр кьигъанэу илъэс зыбжанэкІэ и Іуэху зэрихуэжьну. Мыри кьызэгъэщІпхъэщ: тетым и унафэкІэ, къэралым и щІыхуэ псори цІыхухэм яхуэгъэгъат, уней щІыхуэ яхуэмытыжу яГъэтІысахэм езы Годунов ахъшэр яхуипшынырт.

Пащтыхьыгъуэр 1613 гъэм зыІэщІыхьа Романовхэ ящыщу япэ итаХэри мэжащІалІагъэм ерыщу пэщІэтащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Алексей Щэху дыдэм процент щхьэщамытыкІыу къэралым гъавэ цІыхухэм ярищэн хуейуэ игъэуващ. Мурадыр зыхуэгъэзар мэкъумэшыщІэхэм щІыхуэу ар кулакэхэмрэ сондэджэрхэмрэ кьыІамыхьнырт. Абы кьыдэкІуэу гьейкэр къэхъумэ, цІыхуэ къызэрыгуэкІхэм пащтыхьым и хьэкъкІэ налог псори щхьэщащхырт.

Къэралым шынагъуэ къыщыщхьэщыхьэжьэн деж цІыхухэм ядэІэпыкъун щхьэкІэ Іэмалыщ1эхэр кьагупсысырт. 1672 - 1681 гъэхэм Украинэм и щІыналъэм щекІуэкІа Урыс-Тырку зауэм и зэманым пащтыхьэ Федор налогым щыщ Іыхьэ ямытыну пчъэуэрауэ щытащ. Пэжщ, щІэ кьигупсысащ: «Унагъуэ къэс зы сом тралъхьэ, яхуэтыну щытмэ». Налог лІэужьыгъуэщІэ хуэдэт, ауэ ипэжыпІэкІэ ар заемым и яп лІэужьыгъуэт. Гъэщ1эгъуэнт зэрыхах щыкІэри: «Къьемыхьалъэжьыкъэзытыфынуэм къеІыхьэн икІи абы папщІэ налогкІэ, нэгъуэщІкІэ ятелъ щІыхуэ псори яхуэгъэхьэн». Фейдэр апхуэдизкІэ белджылыти, ахъшэр зэрыуэ къэкІуащ. ИльэситІым къриубыдэу а ахъшэмкІэ дзэр Іэщ1экІэ зэщІауэзэдащ. Ар апхуэдизу лъэщ хъуати, зауэр зэрытемыгъэкІуэдауэ яухмэ, тыркуэм нэхъ къащтащ.

Екатеринэ ЕтІуанэм и тетыгъэмэ биидзэхэр Урысейм и щІыналъэм къызэрыгуакъым, арщхьэкІэ щІэхьщІэхуэрэ къэралым кьебгъэрыкІуащ уз зэрыщІапІэ шынагъуэхэр, мафІэсхэр, псыдзэхэр, н.къ. Пащтыхь гуащэм апхуэдэхэм дех цІыхубэм защІигъэкъуэнр хабзэу зыхуигъэувыжат. КъыдигъэкІ унафэхэм мыпхуэдэ псалъэухэр сыт щыгъуи хэтт: «Таможнэм къыхиххэмрэ налогхэмрэ гъэмэщІэн», «Бдзэжьей къаубыдыным, щ1кІуэным, мэзхэм пхъэ къыхахыным зэран хуэхъу ехуІауэ гъавэр нэхъ пудц1ыхухэм ещ1эн»», «Тепщэ гупхэм тыГъэхэр хуащІу мыцІэн, гуфІэгъуэхэр гъэлъэпІэным трагъэкІуадэхэр гъэмэщІэн». Уеблэмэ, мыпхуэдэ: «Мурад бзаджэм кьыхамыхыу факъырагъэм ирихуІэу ялэжьа щІэпхъаджагъэхэр яхуэгъэгъун».

Зэрыгъэгъущи, иджы куэдрэ кьагъасэбэп хьуа «Хэкум ухьифдзэнхьым» псэльафэм ныбжьышхуэ иІэщ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Исльамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

Щэлэуатым къыдэкІуэ псапэхэр

Щэлэуат хъужыр Лыкіыуэ лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам Алыхьталэм и фІыгъэр къеуэлІэну уэзрыхуэлъаІуэ псалъэхэрщ. Псалъэм папщІэ, нэмэзым хэт Іэтхъыятым и кІэм жаІэ хабзэ «Іэллахьуммэ, щэлли гьэла Мухьэммэдин...» псалъэхэри щэлэуатым и зы лІэужьыгъуэщ. Алхуэдэхэр куэд дыдэ мэхъу, кІыхьым кІэщІи яхэту, Аруэ шэч закъуи къытумыхьэу, уигу илъэпхъэр зыщ: щэлэуат нэхъыбэ къэпхьыху, уи дежкІэ нэхъыфІщ. Бегъымбар лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхам Алыхьталэм и пащхьэм щиІэ увыпІэр алхуэдизкІэ лъагэщи, уеблэмэ ар зыгъэльапІэ хъуэхъу къызыкІэлъымыкІуэ духьэм жэуап имыІэнкІэ шынагъуэщ.

ЩЭПЭУАТ псалъэр и мыхьэнэкІэ «ешъуэхъу» псалъэм нэхъ пэгъунэгъущ. «Щэлэуат щІын», «хуэхъуэхъуэн» щыжьитІэм дежкІ, къидгэкІыр «Алыхьым и нэфІ кІыщигъэхуэну хуэлъэІуэн» мыхьэнрщ. «Щэлли гьэла Мухьэммэдин» псалъэхэр жьпІэмэ, ар духьэуэ е зэчыру щрет, а унафэр гъэзэщІа мэхъу.

Дин щІэныгъэлІыщхэу Іэл-Гъэзалий Іэбу Хьэмид «Дин щІэныгъэхэм зегъэужьыкІын» тхыпІым мэрем махуэм ехьэлІапхъэ Іэдэбхэм я гугъу щищкІІэ, щэлэуатым и фІыгъэмэ щытопсэльыхь: «Мы махуэм зэрыхъукІэ нэхъыбэрэ Алыхьым и Лыкіыуэ лъапІэм щэлэуат къыхуэпхьынкІэ фІыщ, сыту жьпІэмэ, Лыкіыуэ лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхам жиІащ: «80-рэ мэрем махуэм щэлэуат къыхуэузыхьым Алыхьталэм илъэс 80-м и гуэныхьхэр къыхуигъэгъунущ».

Зыгуэр щІэупщІащ: «Уа Алыхьым и Лыкіыуэ! Дапхуэдэу Алыхьым дыззрыпхуелъэІуну щыкІэр?» «Мыпхуэдэу жьІэ», - къыжриаІащ: «Алыхьу си Тхьэ! Уи пщынІ, Уи Бегъымбар икІи Уи Лыкіыуэ Мухьэмэду тхэкІэ-еджэкІэ зымыщІэм уи хъуэхъур лъыгъэс!» - ар зы щэлэуат мэхъу».

Іэл-Гъэзалий иджыри зы щэлэуат къехь мэремиблкІэ жьпІэмэ *(зы мэремым хуэзу - блэ, апхуэдэу мэрем махуиблкІэ)*, Къемэт махуэм Лыкіыуэ лъапІэр къыпщхьащхьыну гугъэ щыІэу: «Алыхьу си Тхьэ! Мухьэмэдрэ Мухьэмэд и лъапкъымрэ Уэ арэзы узыщІын, сэри абы хуэгъэзауэ къыстехуэ кьалэныр сщхьащызыхьын хъуэхъукІэ ехьуэхъу, къызэрыбгъэгубэ увыпІэ лъагэри лъыгъэс! Ди щэкІэ фІыщІэм я нэхъыфІыр хуэщІыжи, и Іумэтым щхьэкІэ псапэ къэзылэжьа бегъымбар къэс хуэбгъэфащэ фІыгъуэм я нэхъ лъапІэр къыбгъэдэлъхьэ. Уа Алыхьу псоми гущІэгъукІэ ефІэкІ! Екъуэхъу абыи, абы и къуэш адрей бегъымбархэми, щыху пэжхэми».

Щхьэ-щхьэцрэ зи тхыгъэхэм дыхэлпъэ дагъыстэн хьилмышхуэ Хьэсэн ХьилмийЕфэнды «Алыхьталэм гъунэгъу ухуэзыщІ куэбжэкэр Іузыхьину хуейм хэлъыпхъэ щэныфІагъыр» зыфІища тхылъым къыщІекъ щІэлуэатым къыдэкІуэ фІыгъуэхэр.

Іэбу Хьурэйрэ ихьума хьэдис: «Фысхуэхъуэхъуэ, Алыхьталэр къывэхъуэхъунщ». Ардыдэр нэгъуэщІыпІэ деж мыпхуэдэу къыщІокІуэ: «Фысхуэхъуэхъуэ, шэч хэмылъу, фызэрысхуэхъуэхъуэр фи дежкІэ сэджьыт мэхъу, ар багъуэ зэпытщ». Лыкіыуэ лъапІэм жиІащ: «Пэжраци, сэ къысхуэхъуэхъуэ щІыхум Алыхьталэр іоплъ, Алыхьталэр зэплъам хьэзаб ишэнынукъым». Иджыри жиІащ: «Сэ зэ схуэхъуэхъуэм Алыхьталэмрэ мелыІычхэмрэ 70-рэ къехъуэхъуэжынущ». НэгъуэщІ зы хьэдисми къыщокІуэ: «Сэ 100-рэ схуэхъуэхъуэм и набдзиІым и зэхуакум Алыхьталэм тритэнущ ар фэрыщІыгъэмрэ жьыхьэмэрэ къызэрыгъэпІар, диным папщІэ зи псэр зытахэм я гъусэу къызэригъэтэджыкынур». «Фи щэлэуатхэр вгъэбагъуэ. Абыхэм фи гуэныхьхэр фкІэрахьжынущ».

«Жэщ-махуэ къэс щэрыщэ къысхуэхъуэхъуэм Алыхьталэм а жащымрэ а махуэмрэ къихьа гуэныхьхэр кІэриихьжыну кьигъэгугъащ».

Иджыри хьэдис зыбжанэ ардыдэм теуухуэу: «Щэлэуат зыщІым и гуэныхьхэр псым мафІэр зэригъэжьыкІыфІым нэхърэ нэхъ псынщІэу егъэункІыфІ. Сэ фІэхъус-сэлам къыслуебгъэхьынир пщылІхэр бутІыпщыжьынм нэхърэ нэхъ лъапІэщ. Сэ фІыуэ сыкъэплъагъуныр диным папщІэ узэуэным е уи псэр птыным нэхърэ нэхъ лъапІэщ. Алыхьталэм унафэ ищІащ: и фІэщу фІыуэ сыкъыззрилъагъум кьыхэкІыу, зэ фІэкІа нэхъ мыхъуми щалэуат къысхуэзыхьым жэщищ-махуищкІэ и гуэныхьхэр ятхынкъым».

«Шэч хэмылъу, Къемэт махуэм кьыздихьыну шынэмрэ гужьеиГъэмрэ къелынур мы дуней сэ нэхъыбэрэ щэлэуат къыщысхуэзыхьырщ. Пэжраци, Алыхьталэмрэ мелыІычхэмрэ хуэныкъуэкъым фи щэлэуатым, ар къалэн къыщыфщащІар фэ ешым фІыгъуэ къэвлэжьын папщІэщ».

Язынікъуэ хьэлимхэм зэрыжаІэмкІэ, мыбдежьым «нэхъыбэрэ» псалъэм къригъэкІыр махуэм - 700, жащым - 700 бжыгъэрщ. Адрейхэм а бжыгъэр 350-м хуахь. Лыкіыуэ лъапІэм жиІэу щытащ: «Алыхьталэр къыхуэарэзыуэ ІущІэжьину хуейм щІэх-щІэхыуэрэ щэлэуат ирырещІ».

Иджыри псалъэ дахэ куэд щыІэщ Бегъымбар лъапІэм хуэхъуэхъуэным, фІэхъус хуегъэхьынм теуухуэу: «Іэмал имыІэу си псынэм кьеклуэлІэжьынущ щэлэуат куэд къэзыхьахэр».

«Жэщ кІуэм щыхъу гъэщІэгъуэн си нэгум щІэкІащ. Абы зэм щэлэуат схуищу, зэм схуимыщІу щытащ. Арати, и щэлэуатир къыбгъэдыхьэщ, и Іэр иубыдри, жьихьэмэ лъэмыжым и адрей лъэныкъуэм зэприщаащ».

«Махуэ къэс 1000-рэ схуэхъуэхъуэ щыхур дунейм ехьжьынукъым, жэнэтым щиубыдыну увыпІэр имыльэгъуауэ».

«Махуэ къэс 100-рэ схуэхъуэхъуэм и гуныкъуэгъуэ 100 Алыхьталэм щхьэщихынущ. Я нэхъ щыкІыр - жьихьэнмэм къызэрыригъэлыпрущ».

«Фи зэхуэсхэр щэлэуаткІэ зэгъащІэращІэ. Ар Къемэт Махуэм нэхуу вгъуэтыжьынущ».

«Нэхъ гъунэгъу фыкъыщыщысхуэхьыр щэлэуат щысхуэфщІкІэщ».

«Щэлэуат къыстесыщІэм и гур фэрыщІыгъэм ибгънэнущ, щыгъэшьин ильэ бжьыгъэр псым зэрырихьжьым ещхьу».

«Алыхьталэм и фІыгъэр нэхъ кьызэІуэзых куэбжэ 70 къыхуэзІуэкІынущ щэлэуат зыщІым. Алыхьталэм ар псоми фІыуэ ялъагъуу ищІынэрэ, зы щІыхуи къыщІэгубжьынукъым, зи гум фэрыщІыгъэ ильым фІэкІа».

Диныр - иджырей дунейм

Санкт-Петербург щекІуэкІащ «Динир - иджырей дунейм» зыфІаща II дунейпсо зэхуэсыр. Мэзкуу чыристан дин Іуэхущ Іапі эм и нэІэ щІэту, ар къызэрагъэпэщащ Санкт-Петербургрэ Ипщэ-Къухьэпі э щынальэмрэ я муслымэн Іуэхущ Іапі эм, Урысейм и муслымэнхэм я зэхуэсым, Санкт-Петербург и Правительствэм, Ислъам щэнхабзэм, щІэныгъэм, егъэджэныгъэм зыщІэгъэкъуэныкІэ фондым, Санкт-Петербург дэт къэрал университетым.

КАВКАЗ Ищхьэрэм ис мусльымэнхэм я зэзыгъэуІу советым и Лыкіыуэ зэхуэсым екІуэлІахэм яхэтащ КъБР-м и Мусльымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ, муфтий Дзасэжь Хьэзрэтэлийрэ Кавказ Ищхьэрэ ислъам университетым и ректор Чочаев Шарафутдинрэ.

Ижь-ижьыж пльандэрэ цІыхубэм зэрахъэ дин пэжхэм я тегъэщІапІэхэм мамырыгъэ, щІэныгъэ, цІыху зэдекІуэкІыкІэ узыншэ фІэкІа, нэгъэщІ Іуэхуэзэрэмыхуэр къиГъэльэгъуэныр зэхуэсым къалэн зыщищІыжар. Абы щызэхуэсахэр зэдзаарзэныуэ тепсэльыхьащ сыт хуэдэ динми залымыгъэр Іуфпэм зэрищІым, абы уасэ зрит псэкупсэ хъугъуэфІыгъуэхэр пхъэмрэкІэ иджырей дунейм узэрыдекІуэкІыпхъэ Іэмалу зэрыщытым. Къызэхуэсахэм я мурадт дызэрыт зэманым цІыхуухэр диным зэрахущытым зыщІихьэжьар зэхагъэкІыну, лъэпкъ-дин зэхэгъэжыр къэзыгъэсабэпыну хуежьабэхэр къызэрыщІэгъэщІынэ. Зэхуэсым гупымтэщхуэ щыхуащІащ УФ-м и Президентым къыдигъэкІа, «Урысейм хабзэкІэ къекІуэкІ динхэм я тегъэщІапІэхэр хъужа щыхьэныкІэ къэрал политикэм и лъабжьэхэр» Указым.

Конференцэм и лэжьыгъэм хэтащ егъэджэныгъэм, къэхутэныгъэ лэжьыгъэм пыщІа къэрал Іуэхущ Іапі эхэм ящыщ щІэныгъэлІхэр, къэрал 30-м къикІа дин лэжьакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ. Хьэщ Іэхэр къикІат Перс псыдзуэлІэм, Африкэм, Ипщэ-Къуэкіыпі э Азием. Къинэмыщ Іауэ, я лІыкІуэ къагъэкІат Ираным, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Бахърейным, Иеменым, Сауд Хьэрыпым, Алжиры, Малим.

Зэхуэсым и кІэм къызэхуэсахэм ІэпэткІэ къащтащ ирагъэкІуэкІ. Іэжьигъэм и купщІэр щызэхуэхьэса дэфтэрыр.

Мухьэмэд Бегъымбар лъапІэм бгъэдэлъа фІыгъуэхэмрэ щытыкІэхэмрэ

Етіуанэ Іыхьэ

(Ялэр шыщхьэуІум и 29-м къыдэкІа «Исльамым и нурым» итщ)

Алыхьым и щэлатымрэ сэламымрэ зэхар нэхъыбэрэ зэджэу щыта духьэр мырат: «Уа [Алыхьталэу] Гуэхэр Зыгъаз! *(цІыхум нэхъ къыкфІэІуэхум зезыгъэхъужьыф, жьхуиІэщ - Ч. М.)* Си гур уи диным теубыдэ!» («Я мукъэлибул кьулуубІ! Сэббит кьэлбин гьэла диниинкэ»). Мы духьэри жиІэрейуэ щытащ: «Алыхьу си Тхьэ! Щхьэпэ мыхъуну щІэныгъэм, псапэ мыхъуну лэжьыгъэм, Уэ пфІэмылІыкІ гум, жэуап зимыІэну духьэм сыщІихьумэ». Иджыри куэдрэ мыпхуэдэу жиІэрт: «Алыхьу си Тхьэ! Дунейм тыншыгъуэ теткъым, Уэ тынш Умыщ Іымэ. Уэ пфІэфІмэ, гуэзвэгъуэри псынщІэ мэхъу».

МАХУЭ гуэрым Лыкіыуэ лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхам деж лІы гуэр къэкІуащ, и махъшэр Іэдэжу и гъусэу.

«Уа Алыхьым и лІыкІуэ! - зыкъыхуигъэзащ къэкІуам Бегъымбар лъапІэм. - Сэ бззэрым хьалъэзешэу сыщолажьэ. Мылъкуи былымуи сиІэр мы махъшэ закъуэраци, бззэрым зэгъусэу докІуэри, цІыхухэм я хьэлъэр къахудошэкІ. Абы къыпэкІуэ ахъшэм сыхопсэукІ. Гуныкъуэгъуэу сиІэр зы закъуэмэ. Махуэ псом сылэжьауэ унэм сыкъэкІуэжа нэужь, си ахъшэмкІэ сощІ, тІэкІу содзакъэри, согъуэлъыж. Жащыкъу зэрыхъу, махъшэм кІиин щІедзэри, жащ псом сигъэжейрэкъым. Араци, пщдджьыжьым сызэхэкІауэ лэжьакІуэ сокІуэ. КхъыІэ, си махъшэр мыкІиину Алыхьым схуелъэІу».

- Махъшэм сыхуэмызэу хъунукъым, - жиІащ Лыкіыуэ лъапІэу щалатрэ сэламрэ зэхам.

Арати, махъшэр къыбгъэдашэ. Зыбгъэдыхьар зэрыбгъэшымбарыр ищІэм ещхьу, Іэдэб хэлъу, и щхьэр ехьэхуэу къыбгъэдыхьащ махъшэр щалатрэ сэламрэ зэхам. Зэгъуэгуэ зыгІэкІуэрэ зэбгъэдэтахэщ, ИужькІэ хьэлъэзешэр кьриджэри, мыр къыжриаІащ Алыхьталэм и лІыкІуэм:

- Мыбы жиІэращ, си къуэш, - пыгуфІыкІыуэрэ щІидзащ Лыкіыуэ лъапІэм. - Пщыхьэщхьэм еша-елІауэ къэкІуэжа нэужь, мы лІыр машхэ, ахъшэмкІэ ещІри мэгъуэтыхьэ. Ауэрэ жасым и зэманыр къохьэ, мо махуэ псом бззэрым щылэжьар жей Іувым хэтщи, мэжей. Сэри соклий: «КъэуІ! Кьэтэджи, уи жасыр щы!» АрщхьэкІэ къэмытэджкъэ, нэху мэщ. Сэри согуэвз: Кьемэт махуэм Алыхьталэм и пащхьэм сихьэжмэ, щхьэ къыумыгъэушарэ узей лІыр жиІэу сигъэкъуанэшмэ, сыт жесІэнур?»

Апхуэдэу, махъшэм и фІыгъэкІэ, хьэлъэзешэм зыкъуамыгри, и жасыр зэтриублэжауэ щытащ. Хъыбарыр ди дежкІэ зэхъэхьэсэр зи псалъэм щэч къыртрамыхьэ щІэныгъэлІышхуэхэм ящ.

БУНИН Иван

Мухьэмэдрэ Сафиярэ

Лыкіыуэ лъапІэм и щхьэгъусэ Сафия и лъэпкъкІэ журту щытащ. Журтхэмрэ мусльымэнхэмрэ щызэзэуа Хьэйбар зэпэщІэтыныгъэм гъэру щаубыда щІихубзхэм яхэту, Лыкіыуэ лъапІэм и пащхьэ ирашат ар.

ХЬЭДЖЭБЗ лъагъуэфІэу щыта Сафия и нэкІэм дыркъэу зэпэщІэтыныгъэм щыхьэдиклар?» - еупщІащ Хьэджэбзым Лыкіыуэ лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхар. КъызэрыщІэкІымкІэ, и лІыр кьеуауэ ара. И куэщІым мазэр кьихуауэ пщІыхьэпІэ илъэгъуат Сафия. Зыхуихьынур имыщІэу, ар и щхьэгъусэм щыжриІэжьым, модрейр зыкъышэщІри кьеуащ: «Уэ мусльымэнхэм я Лыкіыуэ Мухьэмэдым удэкІуэну уеухуапсэу аращ!» - жиІэри. Зэрыхьуари аращ. Сафия мусльымэн диным кьихьэри, Лыкіыуэ лъапІэм щхьэгъусэ хуэхъуауэ щытащ. И щхьэгъусэу щытар Хьэйбар зауэм хэкІуэдат.

Хамэ лъэпкъым зэрыщІыщым ищІыжкІэ, мусльымэнхэм къеныкъуэкъу журтхэм зэращІыщымкІэ адрей щІихубзхэм ирадых щхьэм, хъыджэбзыр Мухьэмэд Бегъымбарым хуэтхъэусыхащ. Лыкіыуэ лъапІэмэ, зэрихабзэу, жэуапым я нэхъ дахэр кьиГъэтащ, зыри кьыпамыдзыжьыфын хуэдэу. А хьыбарыр зытеухуар урыс усакІуэ Бунин Иван «Мухьэмэдэр Сафиярэ» зыфІища усэр. «Ибрэхьим – си адэщ», - жиІэри къригъэкІыр хьэрыпхэри журтхэри Ибрэхьим-бегъымбарым къызэрытепщІыкІарщ. Мусэ лъапІэр - журтхэм я бегъымбарщ. Нэхъыщхьэраци, хьыджэбзыр Мухьэмэд Бегъымбарым щхьэгъусэ зэрыхуэхьум ар нэхъ лъапІэжь зэрищІарщ. Апхуэдэу дахэу цІыхубз зэныкъуэкъым кІэ иритауэ щытащ Алыхьталэм и нэфІыр зыщІыхуам.

Мухьэмэдэр Сафиярэ

Сафия къоушри, и щхьэц фІыщІэ кІыхьым
Нэпсыр хеуХуанэ:
«Журтыжь щІыкІу» къыжаІэ, Мухьэмэд,
сыт сщІэнур?» -

И лІым хуогъынанэ.
Щабэу пыгуфІыкІыу къопсэлъэж и псэгъур:
«Ржепі эн уи куэдщ:
Ибрэхьим – си адэщ,
си адэ къуэшыр – Мусэщ,
си лІыр - Мухьэмэдщ».

Жэпуэгъуэм и нэмэз щІыгъуэхэр

• Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджьжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	04.32	06.02	12.06	15.19	17.51	19.31
2, блыщхьэ	04.33	06.03	12.05	15.17	17.49	19.29
3, гъубж	04.35	06.05	12.05	15.16	17.47	19.27
4, бэрэжьей	04.36	06.06	12.05	15.15	17.45	19.25
5, махуэку	04.37	06.07	12.05	15.14	17.43	19.23
6, мэрем	04.38	06.08	12.04	15.12	17.42	19.22
7, щэбэт	04.39	06.09	12.04	15.11	17.40	19.20
8, тхьэмахуэ	04.40	06.10	12.04	15.10	17.38	19.18
9, блыщхьэ	04.42	06.12	12.03	15.08	17.36	19.16
10, гъубж	04.43	06.13	12.03	15.07	17.35	19.15
11, бэрэжьей	04.44	06.14	12.03	15.06	17.33	19.13
12, махуэку	04.45	06.15	12.03	15.04	17.31	19.11
13, мэрем	04.46	06.16	12.02	15.03	17.30	19.10
14, щэбэт	04.48	06.18	12.02	15.02	17.28	19.08
15, тхьэмахуэ	04.49	06.19	12.02	15.01	17.26	19.06
16, блыщхьэ	04.50	06.20	12.02	14.59	17.25	19.05
17, гъубж	04.51	06.21	12.01	14.58	17.23	19.03
18, бэрэжьей	04.52	06.22	12.01	14.57	17.21	19.01
19, махуэку	04.54	06.24	12.01	14.56	17.20	19.00
20, мэрем	04.55	06.25	12.01	14.54	17.18	18.58
21, щэбэт	04.56	06.26	12.01	14.53	17.17	18.57
22, тхьэмахуэ	04.57	06.27	12.01	14.52	17.15	18.55
23, блыщхьэ	04.59	06.29	12.01	14.51	17.14	18.54
24, гъубж	05.00	06.30	12.00	14.49	17.12	18.52
25, бэрэжьей	05.01	06.31	12.00	14.48	17.10	18.50
26, махуэку	05.02	06.32	12.00	14.47	17.09	18.49
27, мэрем	05.04	06.34	12.00	14.46	17.08	18.48
28, щэбэт	05.05	06.35	12.00	14.45	17.06	18.46
29, тхьэмахуэ	05.06	06.36	12.00	14.44	17.05	18.45
30, блыщхьэ	05.08	06.38	12.00	14.44	17.03	18.43
31, гъубж	05.09	06.39	12.00	14.43	17.02	18.42

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм къыдитащ.

Махъшэр щІэкІийр

Лыкіыуэ лъапІэу Алыхьым и нэфІыр зыщІихуар псэущхьэхэм епсалъэу, я гум илъыр къищІэу щытащ щыхаІэм деж, ар куэдым яГъэщІагъэ, нэхъыбэкъым я фІыгъэкъым. Ауэ апхуэдизэ зэман дэкІауэ, апхуэдэ хъыбархэр ди деж къызэрысыр щыхьэту щыІащ. ІуэрыІуэтэ псоми къаззрыщІыщым ещхьу, ди деж къэсхуэу хъыбарым зэхъуэкІыныгъэ гуэркэр къыхэхуауэ щытми, къыхэпхьфыну ущием и уасэр нэхъ мащІэ хъуакъым.

МАХУЭ гуэрым Лыкіыуэ лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхам деж лІы гуэр къэкІуащ, и махъшэр Іэдэжу и гъусэу.

«Уа Алыхьым и лІыкІуэ! - зыкъыхуигъэзащ къэкІуам Бегъымбар лъапІэм. - Сэ бззэрым хьалъэзешэу сыщолажьэ. Мылъкуи былымуи сиІэр мы махъшэ закъуэраци, бззэрым зэгъусэу докІуэри, цІыхухэм я хьэлъэр къахудошэкІ. Абы къыпэкІуэ ахъшэм сыхопсэукІ. Гуныкъуэгъуэу сиІэр зы закъуэмэ. Махуэ псом сылэжьауэ унэм сыкъэкІуэжа нэужь, си ахъшэмкІэ сощІ, тІэкІу содзакъэри, согъуэлъыж. Жащыкъу зэрыхъу, махъшэм кІиин щІедзэри, жащ псом сигъэжейрэкъым. Араци, пщдджьыжьым сызэхэкІауэ лэжьакІуэ сокІуэ. КхъыІэ, си махъшэр мыкІиину Алыхьым схуелъэІу».

- Махъшэм сыхуэмызэу хъунукъым, - жиІащ Лыкіыуэ лъапІэу щалатрэ сэламрэ зэхам.

Арати, махъшэр къыбгъэдашэ. Зыбгъэдыхьар зэрыбгъэшымбарыр ищІэм ещхьу, Іэдэб хэлъу, и щхьэр ехьэхуэу къыбгъэдыхьащ махъшэр щалатрэ сэламрэ зэхам. Зэгъуэгуэ зыгІэкІуэрэ зэбгъэдэтахэщ, ИужькІэ хьэлъэзешэр кьриджэри, мыр къыжриаІащ Алыхьталэм и лІыкІуэм:

- Мыбы жиІэращ, си къуэш, - пыгуфІыкІыуэрэ щІидзащ Лыкіыуэ лъапІэм. - Пщыхьэщхьэм еша-елІауэ къэкІуэжа нэужь, мы лІыр машхэ, ахъшэмкІэ ещІри мэгъуэтыхьэ. Ауэрэ жасым и зэманыр къохьэ, мо махуэ псом бззэрым щылэжьар жей Іувым хэтщи, мэжей. Сэри соклий: «КъэуІ! Кьэтэджи, уи жасыр щы!» АрщхьэкІэ къэмытэджкъэ, нэху мэщ. Сэри согуэвз: Кьемэт махуэм Алыхьталэм и пащхьэм сихьэжмэ, щхьэ къыумыгъэушарэ узей лІыр жиІэу сигъэкъуанэшмэ, сыт жесІэнур?»

Апхуэдэу, махъшэм и фІыгъэкІэ, хьэлъэзешэм зыкъуамыгри, и жасыр зэтриублэжауэ щытащ. Хъыбарыр ди деж гъэлъашхуэхэм зи псалъэм щэч къыртрамыхьэ щІэныгъэлІышхуэхэм ящ.

БУНИН Иван

Мухьэмэдэр Сафиярэ

Сафия къоушри, и щхьэц фІыщІэ кІыхьым
Нэпсыр хеуХуанэ:
«Журтыжь щІыкІу» къыжаІэ, Мухьэмэд,
сыт сщІэнур?» -

И лІым хуогъынанэ.
Щабэу пыгуфІыкІыу къопсэлъэж и псэгъур:
«Ржепі эн уи куэдщ:
Ибрэхьим – си адэщ,
си адэ къуэшыр – Мусэщ,
си лІыр - Мухьэмэдщ».

Мухьэмэд Бегъымбар лъапІэм бгъэдэлъа фІыгъуэхэмрэ щытыкІэхэмрэ

Етіуанэ Іыхьэ

(Ялэр шыщхьэуІум и 29-м къыдэкІа «Исльамым и нурым» итщ)

Алыхьым и щэлатымрэ сэламымрэ зэхар нэхъыбэрэ зэджэу щыта духьэр мырат: «Уа [Алыхьталэу] Гуэхэр Зыгъаз! *(цІыхум нэхъ къыкфІэІуэхум зезыгъэхъужьыф, жьхуиІэщ - Ч. М.)* Си гур уи диным теубыдэ!» («Я мукъэлибул кьулуубІ! Сэббит кьэлбин гьэла диниинкэ»). Мы духьэри жиІэрейуэ щытащ: «Алыхьу си Тхьэ! Щхьэпэ мыхъуну щІэныгъэм, псапэ мыхъуну лэжьыгъэм, Уэ пфІэмылІыкІ гум, жэуап зимыІэну духьэм сыщІихьумэ». Иджыри куэдрэ мыпхуэдэу жиІэрт: «Алыхьу си Тхьэ! Дунейм тыншыгъуэ теткъым, Уэ тынш Умыщ Іымэ. Уэ пфІэфІмэ, гуэзвэгъуэри псынщІэ мэхъу».

Лыкіыуэ лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхам тельыджэ куэд дальэгъуащ: мазэр зэрызэгъэкІар, и Іэпхъуамбэ зэхуакум пслъэрыджэр, дзэшхуэм я псыхуэІэ зэрыригъэкІар, и Іэгум из псыр а дзэм щыщ зауэлІ псоми андеэ иращтэну зэрыригъэкъуар. Лыкіыуэ лъапІэр хъуІбэ хьеджэу минбэрым тету, щІалэ гуэрым абы ебгъэрыкІуэн щІидзати, махъшэ гъуэхъуэу фІэкІа умыщІэну, апхуэдэ макъ къыІэщІыкІауэ щытащ а щІалэм. Бегъымбар лъапІэм ар иубыда нэужь, мафхэр увыІащ. Псэущхьэхэр къепсальэу щытащ бегъымбар лъапІэу зэхахащ, щхьымки адрыдэр дальэгъуащ. Псэущхьэхэр къепсальэу щытащ бегъымбар лъапІэу щалатрэ сэламрэ зэхам. Мэз бжэным сэлам кърихащ, махъшэр къыхуэтхъэусыхащ, дыгъужьыр ар Алыхьым зэрилІыкІуэм и щхьэтУ къэуващ, жыгхэм щхьэщэ къыхуащІу щытащ. Нэ узым и Іупс иригъэІусэмэ, хьужьыри, афІэкІа узыжьртэкъым. Іэбу Хьэтих и кІуэм и лъэныкъуэ Іушэхуати, Лыкіыуэ лъапІэр тельэщІыхьа ижь, лъакъуэм зиуэзэхуэри хьужат. Ещанэ хьалиф пэжу щыта Уэсмэн гуэзвэгъуэ къыззрыщІыщІыну жиІауэ щытащ Лыкіыуэ лъапІэм, езыр дунейм емыхьюж щІыкІ. ЗэрыжиІам хуэдэуи хъуащ. Бегъымбар лъапІэу щалатрэ сэламрэ зэхар Алий пащщІэ Алыхьым елъэІуат щІыІэмрэ хуабэвэхымрэ кьытемыхьэлъэныр, хьэуар къызэрехуэбэкІым е къызэрещІэкІым и нэщэнэ дальэгъуажьам. Хьэббас мусльымэн хабзэмрэ КъурІэнымрэ хищІыкІыу хъуну хуэльэІуати, щІэныгъэм кьыхэщІыкІа хьм хуэдэу хьуаУэ щытащ ар. Іэнэс щІэбІэ ипІэну хуэльэІуати, Алыхьталэм абы бии 100 кьритри, езыри илъэси 100-кІэ псэуащ, и хъурмейхэм илъэсым тІэу пхъэщхьэмыщхьэ къапыкІу. Іэбу Лэхьэб и къуэ Атбэ къыщІеныкъуэкъым щыгъуэ, Алыхьталэм зыхуигъэзат кьыдэІэпыкъуну: «Я Алыхь, хьэхэр кьеутІипщ», жиІэри. Зэман дэкІри, Атбэ ялъэныкъм ишхэуэ щытащ. Хьэндэкъэ зауэм Бегъымбар лъапІэм зауэлІ мин ерысчыкІ мащІэкІэ щригъэкъуфауэ щытащ. Хьэнин дежбийхэр къащебгъэрыкІуэм, ятІэ Іэмыщ Іэкъэ ятрикІута нэужь, я нэхэм сабэр щІэз хъури, псори щІэпхъуэжауэ щытащ. Амар цІыху Іейхэм зэрауКІынур къыжриІати, Муауие и зэуэлІхэм я ящІэкІуэджауэ щытащ. Езым къуэрэйщ 100 кьыщыпхущІэувэм щыгъуэ, щІы ятридзэри, кьалъагъуфауэ щытакъым.

ЛІыкІуэ лъапІэм и псэлъафэхэм ящ.щ

ЛІыкІуэ лъапІэу щалатрэ сэламрэ зэхам и жьІэгъуэхэр Алыхьталэм фІэкІа зыми хуэбжьынукъым. Мыпхуэдэу жиІэрт Бегъымбар махуэм: «Іэдэм и бын! Фы уигу уилъу гукъэкІ пщІа псори къыпщхьэщыжьынущ, зи зэран кьоКІынур уэ езым уи Іэкіэ зэпщІэжам и зауэкъэщ. Гъусэ пхуэзыжьынури фІыуэ плъэгъуэхращ». Зыгуэрым мыпхуэдэу жриІат щалатрэ сэламрэ зэхам: «Хамэ щІыпІэ къикІам е гъуэгуфІыкІэм ещхьу тет дунейм. Мащэм илъэм ящ.щ зыуэ зыкъэлъытэж». Мыпхуэдэуи жиІащ: «Дунейм хьэщІэм хуэдэу фыщызекІуэ. Мэжджьитхэр псэупІэ зыхуэфщІ, фигуэхэр щабагъыв евгъаса, фемышу фымышІэгупсысыж, фи гуныкъхэр вгъей». Мыпхуэдэуи жиІэу зэхахащ: «ТхьэмыщщкІэхэр вгъэнбжьжьагъу. Ахэращ Къемэт Махуэм щыпащтыхьынур». Мыри и жьІэгъуэхэм ящ.щ: «Бий къысхуэхъуам зауэ ещІэкІынущ». Аргуэру жиІащ: «ЗэгъунэгъуКІэм я нэхъыфІыр пщІапІтхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ цІыху бжьыгъэр гъэбагъуэнымрэщ. Гъунэгъум и жагъуэ зыщІым и унэр Алыхьталэм трихынущ». «Уи къуэшым и гукъеуэм ущымыгуфІыкІ. Алыхьым абы къыщыщІар щхьэщихыу, уэ бзылъхь ухидзэнкІэ пщІэркъым». «Алыхьталэр уи гум щыхъуми, Езыми УкъэхъумэнщІ. Алыхьталэр гум щыхъуми, Езыми УкъэхъумэнщІ. Алыхьталэр гум щыхъуми, Езыми УкъэхъумэнщІ». Зэрымуслъымэн Іумэту зэхьыхэр къыбдэІэпыкъуну хуежьэмэ, ар къыщыІэпэрыхьэнур Алыхьталэм ихъамщІ. ЦІыхуэхэр ІейкІэ уи ужь кьихьэу щытми, Алыхьталэм имыухамэ, зыри къыщІэфынукъым. Къалъмпэр къаІэтыжаКІащ, Ухьгъэм и Тхьэпыр зэратха шакъэри гъущІжакІэщ». «Уи Іуэху щыфІым дежкІэ Алыхьталэм уригъуэсэмэ, маХуаеми Езыр гъусэ къыпхуэхъужьынщ. ЗэгъащІэ: узыгъэбэлэрыгъар къыщІыпщІэщІар бзылъхь ухидзэн папщІэтэкъым, уигу хэзылъхьаКІи уигъэгъуэщэн е ущигъэуэн муРад иІакъым. Зыщымыгъэгупщэ: зыгуэр кьохъулІэн папщІэ, тэмакъЫкІыху ущытын хуейщ, гуфІэгъуэм дыджьи и Іэпэгъущ, гугъуехь нэужьым утынщыжьынущ». «Дунейм уи щІыб хуэгъаза, Алыхьым фІыуэ укъыльагъун

● Нобэ Адыгэ фащэм и махуэщ

«Ар зыхуадар сэрауэ щытми, Зэры-Кавказу яхуэхъуащ»

Мэшбащ1э Исхьэкъ мы и сатырхэр, нэгъуэщ1 псалъэ дахэ куэди зыхуэтха Адыгэ фащэм и махуэр нобэ догъэлъапI3. А фэилъхьэгъуэ тельыджэм кIуэ пэтми бжьыпэр зэриубыдыжым дэ псори щыхьэт дытехьуэфынущ.

Льэпкъым и гуфIэгъуи гуэуи дзыгъэва, тхыдэ жыжьэм кьылхыкIа фащэ зиIэхэм, ар зыгъэльапIэхэм кIуэ пэтми къахэхьуэ зэпыщ, адыгэ фащэкIэ хуэпауэ а махуэм лэжьапIэ, еджапIэ кIуэ ныбжьыщIэ куэдым къалэ уэрамхэм ущрохьапIэ. Сыту гухэхъуэ щIэблэм я гум, я псэм льэпкъ гупсысэ къызэрыщыщыр пльаргъынущ!

Илъэс къэс а махуэм ирихьалIэу гуфIэгъуэ дауэдапщэ, зэпеуэ, зэхьыхэ гъэщIэгъуэнхэр ди щIыналъэм къыщызэрагъэпэщ. Адыгэ фащэм и тхыдэм, абы иIа, иджы игъуэта теплъэм, фащэм и мы-хьэнэм теухуа дерсхэр еджапIэхэм щрагъэкIуэкI, фильмхэмрэ нэтынхэмрэ щагъэльагъуэ.

И пкъым хуэфIыпс фащэ екIу иIэну щIэмыхъуэпсыр хэт?! КъызыгурыIуэм ещI3 адыгэ фащэр фэилъхьэгъуэ хъудей мы-хъуу, укъызыхэкIам хуэпщI пщIэм и щыхьэт гуэру зэрыщытыр. Ар лъэпкъым и гупсысэ, зэфIэкI, Iэзагъэ къызытещыж Iэужь нэсщ.

Адыгэ фащэр фIыуэ зыльагъу, ар щIэх-щIэхыуэрэ зи пкъым изыльхь адыгэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ упщI3 зыбжанкIэ захуэдгъэзащ фащэм езыхэм я дежкIэ иIэ мыхьэнэм, ар щIыщатIагъэ щхьэусыгъуэм теухуауэ. Ди псэльэгъуэхэм яхэтщ илъэс куэд щIауэ хуэсакъыу фащэ зезыхьэхэр, ар тыгъэ льапIэ зыхуащIахэр.

● Адыгэ-урым бэнэкIэ

Гъуэныбэ Iэуес и хъуэпсапIэхэр зыIэрегъэхьэ

Сербием и къалащхьэ Белград къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ. ФокIадэм и 16 - 24-хэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ абы щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым ещанэ увыпIэр къыщихьащ. адыгэ щIалэ Гъуэныбэ Iэуес. Килограмм 82-рэ зи хьэлъагъхэм я деж домбеякъ медалым щхьэкIэ ар ебэнащ дуней псом и чемпион цIэр зэзыхьэ, Тыркум щыщ Акбудак Бурхъан икIи зэIущIэм и бжыгъэр 6:3-уэ къыфIихьащ.

ГЪУЭНЫБЭ Iэуес щыбэна утыкум къикIыжа нэужь, журналистхэм я упщIэхэм жауап яритыжу, къэхИгъэщащ дунейпсо чемпионатым ерыщу зыщIыхуигъэхьэзыр-ар ещанэ увыпIэр къызыфIихьа тырку щIалэм ебэнын щхьэкIэу зэрыщытыр, ауэ игугъащ ар финалым кьы щыхьуну - абдежым абы и бгыреипхьмрэ и чемпион цIэмрэ къыщыIэщIигъэкIыну. АрщхьэкIэ зэрыгугъам хуэдэу Iэужр къыщIэкIакъым. Финалым и Iыхъь планэм Iэуес къыщыпэщIэ-тащ Азербайджаным и бэнакIуэ Гусейнов Рафиг. ЗэIущIэм и пэщIэдзэр 5:0-у ди щIалэм иригъэжьауэ, зэрыгъэ-ерыщу ебгъэрыкIуэжакъым - арыншщам абы и къарур пэлъэщыну и гугъэжри, тренерхэм жаIэри зэхихакъым. Азербайджан щIалэр арат зыхуейхэри, дакъикъэ зыбжанэм зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ икIи текIуэныгъэр зыIэщIигъэкIакъым адэкIэ. Иужькъ, килограмм 82-м щыбанэ гупым я деж дыщэ медалыр Гусейновым къихьащ.

Iэхум екъэлIауэ мыри кьы-хэзгъэщынут: Iэуес и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым медалхэр къащызыхьахэм зэ-гъуэсу сурэт зэтрагъэхьну щыувам щыгъуэ, ди щIалэм хуэдэу ещанэ абы щыхъуа, Украинэм и бэнакIуэ Фильчаков Ярослав яхэуэн ядакъым - Урысей Федерацэм и спортсмен I Гъуэныбэ Iэуес абыхэм зэрахэтыр игу теуха-кьым. Ар, дауи, спортсменхэми, тренерхэми ягу ирихьакъым.

Иджы екIуэкIа чемпионатым нэхъыбэ зэрыщыхуэзфIэмыкIам и щхьэусыгъуэу Гъуэныбэм кьилъытащ, ди къэралым къращIыIла дэкъуэзныгъэхэм я зэранкIэ, иужьрей илъэситым дунейпсо утыкушхуэхэм щыбэнэну Iэмал зэримыIар. Ар абы зыхищIащ, езым хуэдэхэм ежьхэхуу, Iэзагъ зригъэгъэту зэпеуэхэм зэрыхэмытар.

Гъуэныбэ Iэуес зыхэт, килограмм 82-рэ зи хьэлъагъхэр Олимп джэгухэм щыбанэркъым, абы щхьэкIэ и хьэлъагъым хигъахьэуэ килограмм 87-м «Iэпхъуэн» хуейщ. Сыту жыIэмэ, ди щIалэм и плъапIэр а зэхьэзэхуэщхэхэм хэтныкIыр. Абы теухуауэ езым жиIэращ: зыкIэрыбгъэхунырщ нэхъ гугъур, хэбгъэхьуэну тынш дыдэщ.

Тэрч щIалэр спортым кьы-хэзышар и хуэщI нэхъыжьхэ-ращ. Тренировкэм зэ кьыздашэри, зэрыжаIэу, спортзалым къыщIэнащ. Зэрысабий льандэрэ хъуапсэрт дунейпсо чемпионатым хэтыну, абы и дыщэ медаль къихьыну. Ауэ игугъакъым апхуэдэу псынщIэу утыкушхуэ ихьэну.

Iэуес и илъэс 22-м кьриубыдэу куэд зэрыхуэзфIэкIар щэчынщэщ - ар Урысей Федерацэм и чемпионщ, СНГ-м хэтхэм я зэкъэззэхуэу Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан щекIуэкIам щытекIуащ, нэгъуэщI екъулIэныгъэхэри и мащIэкъым. ЩIалэм и тренерыр Белгъэрокъуэ Эдуардщ.

Дэтхэнэ зы бэнакIуэми и плъапIэр дунейпсо чемпионатымрэ Олимп джэгухэмрэщ, жеIэ, Iэуес. Ар гугъэ дахэщ. Адыгэ щIалэм и мурадхэр Тхьэм кьыхуэзпIащ, зыщIэхьуэпс псори зригъэкъулIауэ дигъэльагъу. Льэпкъ гуфIэгъэщхуэщ ар - дэтIыгъынщ, дыдэгуфIэнщ.

Кьыщыдгъужьнщи, Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту Сербием щыбэнахэм ди щIалэм и закъэщ медаль кьыздихуэжащ, адрейхэр льагапIэм нэсы-факъым. Абы кьыхэкIи, 2024 гъэм Париж щекIуэкIыну Олимп джэгуэм хэтын папщIэ ята лицензэхэр УФ-м и бэнакIуэхэм кьахуэхьа-кьыщ. Апхуэдэ кьыщыхъуаи ящIэжрыкъым.

УФ-мрэ Белорусымрэ я командэхэр дунейпсо чемпионатым хэтащ зыщыщ къэралыр кьагъэлъэгъуэну хуимыту.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Льэпкъым и уасэр и бынщ

Адыгэ бзылъхугъэм и теплъэ гурыхьыр, и пагагъэр, и щэнэфIагъэр, зыщыщ льэпкъым къэзыгъэлъагъуэ фащэр зызгъэщIагъуэу щыстIагъэн сэри сфIэфIщ. Уеблэмэ, иджырей хъэтIым тету, адыгэ тхьапхъэхэр зыкIэрылъ джанэхэр, фыжьым бгъэIулъхэр зытеда бостейхэр, махуэ хэха симыIэу, сщыгъуи лэжьапIэм сокIуэ. Адыгэ фащэр уи Iэпкъльпкъым зэрытIысхьэу уепсхьэ, укъьетъжан, гъэщIэгъэнэ-ракъэ, фащэм и пкъыгъэхэр кIэрылъу иджы яд щыгъынхэми апхуэдэ гушхуэныгъэ къуат. ЩыстIагъэхуэкIи жызоIэ, сыту фIыщэт мы тельыджэр зи IэрыкI льэпкъым сызэрыщыщыр.

КьыщынэмыщIауэ, адырэм хуэгъэпса мазхуэшхуэхэмрэ гуфIэгъуэ дауэдапщэхэмрэ си щIыкIуэхэм (фи нэмыс нэхъ льагъэ ухъу) фащэр щызогъэтIагъэ, ар фэилъхьэгъуэ кьыздэрымыкIуэу зэрыщытыр кьагурызогъаIуэ. Апхуэдэу, сэ абыхэм пасэрей дыжьын бгъэIулъэрэ бгырыпхрэ кьахуэсщэхуурэ, яхузогъэтIылъ. Балигъ хъумэ, шэч хэмылъу, щыгуфIыкIыжынущ, ахэр екIулъсу кIэрылъу фащэ зэпэщ яхуэзгъэдыныр си хъупсапIэщ.

Жыгым кьыпыкIэр и уасэщ, льэпкъым и уасэр и бынщ!

МЫЗ Залинэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм льэпкъыбзэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

«Адыгэ фащэр Маринэ ейщ»

Си анэр унагъуэ щихьэм (1981 гъэ) адыгэ фащэр иджы хуэдэу куэдым щатIагъэу щытакъым. Уеблэмэ, ар пхуэзыдыкъэбгъуэтыныр гугъут. Ауэ, си анэшхуэм мурад иIат и хъыджэбзыр адыгэ фащэкIэ иригъэшэну. Арати, абы папщIэ дыжьын бгъэIулъэрэ бгырыпхрэ кьищэхуэри, Сирием кьикыIжа ди льэпкъэгъуэ бзылъхугъэр гуэрым кьэдабэ плъыжьым кьыхэщIыкIа фащэ екIу хуригъэдауэ щытащ. Пэжщ, абы и тхыпхъэхэр IэкIэ хэдыкIакъым, тедауэ аращ, ауэ и мыхьэнэр сэркIэ зыкIи нэхъ игъэльапхъэшэркъым. А бостейр щыгъыу си анэ шыпхъу Марини унагъуэ ихьауэ щытащ, абы яужь иджыри хъыджэбз зыбжанэми ар щатIагъат.

Си анэшхуэр псэуну бостейр хуэсакъыу ихьумащ, Ар дунейм щехьэжьи, и бынхэми абыхэм къатепщыкIыжахэми хьэпшып зырыз фэеплъу кьытхуигъэнат. Си шыпхъум Iэлъын, си анэ шыпхъум и пхъум пасэ зэман льандэрэ ди унагъуэм хуэдэгъуэгурыкIуэ адыгэ бгырыпхыр яритат, адрейхэми я цIэ ириIуащ. Сэ си цIэр зытетха пхъуантэ щыкIуи илъэ тхьылъымпIэ кIапэм мыпхуэдизу тетт: «Адыгэ фащэр Маринэ ейщ». Дауи, сэркIэ ар льапIэт! Абы льандэрэ бостейр ди унэ кьэсхьауэ сыхуэсакъыу сохьумэ, зэгъэпэщыжьын хуейкэр псори зыхуей хуэзгъэзащ. Пэжщ, сэ ар куэдрэ щыстIагъэркъым, ауэ Iэужу ин гуэрхэм деж, е сурэт щызытрезгъэхэзм си фэ изольхьэ.

КьищынэмыщIауэ, Сэралъп Мадинэ схуидауэ нобэрей зэманым екIу адыгэ фэилъхьэгъуэ, бгъэIулъ кIэрылъу сиIэщ. Диссертацэ лжьыбгъэ щыпхьзгъэкIым ирихьэлIэу езгъэда фэилъхьэгъуэр сщыгъыу сыкIуат. СэркIэ мыхьэнэ ин зиIэ а ма-хуэшхуэм фащэм ещхь-емыщхьыжу щIа бостейм-кIэ сыкIуэну си хъупсапIэти, зыхьэхьлIащ.

БИТОКЪУ Маринэ,
филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, журналист.

Сызэрыхуэфэщэным сыхущIокъу

Илъэс 12 ипэкIэ фащэр япэу щыстIагъати - схущыхьжакъым, абы зыуэ щIыху Iэпкъльпэкъыр егъэдахэри!

«Терчанка» къэфакIуэ гупым сыхыхьа иужь, кьафэм и закъуэкъым, льэпкъ гъуэзджэм, тхыдэм, ди адэжьхэм я IэрыкI тельыджэхэм малъ-хъдисым хуэдэу сызыщIашэн щIадзащ. ИлъэсипщIым щIигъащ си фащэр зэрезгъэдрэ, иджыкIэ ар гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэм, льэпкъ мазхуэшхуэхэм щIэх-щIэхьыурэ щыщыщэтIагъэ.

Сэ сащыщщ фащэр нэхьыбэрэ зипкъ изыльхьэхэм, ауэ щыхъыкIи, ар щыстIагъэху згъэщIагъуэу гушхуэныгъэ кьысхелъхьэ, си щхьэ льагъэу сегъэльагъэж. Дуней псор зэхъуапсэу щыта фащэр, лыгъэрэ акьылыфагькIэ щIрылъу хъуа ди адэжьхэм я фэилъхьэгъуэр зэщыстIагъэху дамэ кьыстекIам ялейуэ си гур кьызэщIелэтэ, абы сызэрыхуэфащэным сыхущIокъу. Фащэ сщыгъыу уэркъ кьафэ сыкьыщыфсхэ, пасэрей дунейр си нэгу кьыщохьэри, ди адэжьхэм сахэту кьысщегъэжьу.

Пэжым ухуеймэ, фащэм и махуэр зэгъэльапIэн щыщIэздзар «Терчанка»-м сыхьхьа иужьщ. Дэ дыздрагъэблагъэ концертхэм, дауэдапщэм, нэхъыжьхэм кьыщыдэтэж хъыбарыжьхэм седалуэрт, адыгэхэм ятеухуа гъэльэгъуэныгъэхэм сыкIуэзгъэсепIырт.

Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэхэмкIэ и къэрал институтым сыщIэтIысхьа иужь, кьафэм, хабзэм нэхъри сыдахьэхащ, льэпкъым ехьэлIа Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм сыхэтащ. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым сыхьхьа иужь абыхэм ягьуэсу япэу утыку сыкIыщыхьауэ щытар Адыгэ фащэм и махуэращ.

Тэрч щIыналъэм хьыхь Дей къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм кьафэмкIэ гупжьей къыщызэгъэпэщащэу щызогъэкIуэкIри, абы кьекIуалIэ щIалэгъуалэм адыгэ фащэм и мыхьэнэр, и тхыдэр яжетIэ зэпытщ.

Сэ сызэреплъымкIэ, щIэблэм фащэр фIыуэ еблэгъэльагъэну тыншкъым, ауэ тхуэзэдIэмыкIын хуэдизуи гугъукъым. Абы теухуа зэIущIэхэр, зэхьыхьэ щхьэпэхэр, дауэдапщэхэр къызэдгъэпэщын хуейщ.

САТИБАЛ Къазбэч.

«Утыкушхуэм нэгъуэщIу зыщыслъагъужыркъым

Артист IэщIагъэм сыхуеджэну Кавказ Ищхьэрэм ГъэзджэхэмкIэ и къэрал институтым сыщIащIэтIысхьа гъэм, Шыбзыхъуэ Басир «Яшэмрэ хъэзышэхэмрэ» (Шортэн А.) спектаклыр игъэувырти, абы и зы теплъэгъуэм щIалэгъуалэр дыхэтыну театрым дишауэ абдеж адыгэ фащэр япэ дыдэу щыщыстIагъэуэ щытащ. Ауэ сызэрыщIыкIурэ щэхуу сехъуапсэрт. Си сабиГъуэм щыщу мыпхуэдэ теплъэгъуэ сощIэж. А лъэхъэнэм адыгэ фащэм нобэ хуащI пщIэм хуэдэ иIакъым. Си школ кIуэгъуэ мыхъуауэ, сыщIыкIу дыдэу, телевизорымкIэ адыгэ нэтын щыщIидзэм дежь адыгэ макъамэ ину кьеуэрэ адыгэ фащэкIэ хуэпа кьыщирэльапъагъуэкIэ унэм сыкъыщIэжырти, ди дэкIуеипIэм льэгъужьхэкIэ зытездзэу сыкъаф эу щытащ. Балигъ сыкъэхъуу укIытэр кьыстекIуа иужь, кьэфэныр Iэщ1ыб сщIащ. Ауэ абы льандэрэ сэ защIэмыгъэнщIу фащэ зыщыгъэхэм сопIль.

Артист Iэщ1агъэм хуеджэн Iэужу зезмыхуэу Теувэж СультIанрэ сэрэ Iэужу гуэр щхьэкIэ дыззрихьэлIауэ: «Мы щIалэм адыгэ фащэ щыгъыу льэпкъ утыкум ибгъэтыну сыт и уасэ!» - жиIэри си дежкIэ и Iэр кьищIат. Ар зэрызэхэсхыу сигу хэхъуащ, а псалъэхэр сэркIэ гуапэт.

Фащэр си дежкIэ фэилъхьэгъуэ кьудейтэкъым, абы Iэмал имыIэу ухуэфэщэн хуейуэ кьызолъытэ.

Ноби театрым адыгэ фащэ щыщытIэгъэн хуейкэм деж сфIэфIу си фэ изольхьэ, сыт хуэдэ Iэужыми срихэтщ. Уеблэмэ, адыгэ утыкум фащэ сщымыгъыу зыщыслъагъужыркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ нэгъабэ Кремлым кьыщызэрагъэпэща концерт иным и режисёр нэхъыщхьэм и унафэр хуабжьу сигу ирихьащ. Адыгэ фащэ зыщымыгъу утыкум иригъэхьакъым.

Алыхьым и фIыщIэкIэ, мы зэманым куэдым фащэ яIэ хъуащ, щIалэрэуалэм ар яфIэфIу щатIагъэ, ар кьыддэзыльагъу щIэблэм щапхъэ кьыттрихьнущ, дауи.

Фащэр си фэилъхьэгъуэ нэхъ льапIэхэм ящыщщ, абыкIэ Iуэхугъуэ нэхъ инхэм сыкIэ зэрыхьурэ ильэсипщIым щIегъу. Фащэм мэгъу кьару хэгъащ, апхуэдэ гупсысэ уиIэу щыщIитIагъэм деж ар щыгъын кьудейкъым, атIэ уэ пщыщ гуэрщ.

Сэ а махуэр зэтемыхуэу согъэльапIэ. Театрым спектакль щыIэу ирихьэлIэмэ, фащэ щыстIэгъэфырыкъым, ауэ нэгъуэщI мыхъуми, адыгэ джанэ сщыгъыу унэм сыкъыщIокI. Си Iэужу щыхуэкIуэм, фащэ щызотIагъэр, кьалэ уэрамхэм сыдэтIу, сыдыхуэзэхэм сэлам иэох, си гъуэсу сурэт зытрагъэх, ар щыысщыгъым кьыщIэупщIэхэри мащIэкъым.

Адыгэ фащэм и махуэр дэтхэнэ адыгэм дежкIи льапIэщ. Сэ сызэреплъымкIэ, мы махуэми адыгэр зэхьыхьэн хуейщ, зэхьыхьэхукIэ уэзрощIэ, уи гурыIуэ, мурадкIэ уэздогуашэ.

ХЬЭМЫРЗЭ Ахьмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

● Футбол

Гупхэр я лъэкIыныгъэкIэ щызэпэIэщIэм деж

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зи чэзу зэIущIэхэр щекIуэкIащ, ауэ щIэщыгъуэу зыгуэр къэхъуауэ гу льыттакъым - ипэ ит командитхум и лъабжьэ увыпIэм щытхэр тыншу, и нэхъыбапIэм бжыгъэшхуэкIэ зэрыхагъащIэщ. Псори я зэфIэкIкIэ нэхъ зэхуэдэу, зэщхьэщыкIныгъэшхуэ ямыIэу, нэхъ зэрыхэгъэзыхьу джэгуамэ, зэхьэзэхуэр дэщIакIуэхэм я дежкIэ нэхъри гъэщIегъуэн хъуну кьыщIэкIынт, абыхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъунри хэлът.

МЫ ЧЕМПИОНАТЫР ипэ зэманхэм дызэплъу щытахэм куэдкIэ къащхьэщокI. Командэ дызрызехьэ куэд, япэрауэ, мыбы хэтыжкъым. Псалъэм папщIэ, «Автозапчасть», «Нэжан», «Цветмет», «Кавказкабель» нэгъуэщIхэри. ГурыIуэгъуэйкъым - ахэр зыгъэджэгуу щыта Iэужыщ1апIэхэр е щыIэжкъым, е командэ зрагъэIыгъын мылъку ябгъэдэлъыжкъым.

Нобэкъ узыщыгуфIыкI хуэну псом япэу нэм кьыщIидзэр куажэ командэхэм я джэгукIэкIэ, умыгъэщIэгъуаниIэр имыIэу, ину зэрызыкъиIэтарщ. Бжьыгъэхэри абы щыхъэт тохъуэ. Псом япэрауэ, гъуащхьэуэхэр гуащIэу, хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм топ куэд дагъэкIыу мэджэгу. Псалъэм папщIэ, ипэ ит командитхур хэту екIуэкIа иужьрей зэIущIэхэм абы и бжьыгъэр 39-рэ (!) мэхъу. Бжьыгъэ зыбжанэ, зыми хуэхэмыгъащIэ Псынэдахэ и «Родник»-м джэгугъуэ 23-м кьриубыдэу бжьпэщIэтахэм я гъуэм топи 102-рэ (!) яхудигъэкIащ икIи фIэщ щIыгъуейщ абы япэ увыпIэр къихьыныжкIэ зыгуэр зэран хуэхъуфыну. ЕтIуанэ увыпIэм щытми теухуауэ ар жьпIэ хъунущ - быдэу и гъэр ихъумэу, екIуэ-ещхьу мэджэгу «Тэрч»-ыр». Ещанэр хуэфащ дыдэу иIыгъщ Алтуд и «Искра»-м.

Ипэ дильэдауэ, увыпIэхэр дгъэшу къызыщIихъуни щыIэнщ. Мыгъэрей чемпионатым къыщагъэльагъуэ джэгукIэхэрщ ди Iэужу еплъыкIэр къызыпкърыкIыр.

Чемпионатыр иухыным къэнэжа щIагъуэ щыIэжкъым, щхьэж и «шым къижыфIыныр» ди нэгу щIэкIащи, фIэщ щыIэуейщ тельыджэлажьэ гуэр къэхъуу ипэ ит командитхум я щытыпIэр яхъэжыну.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ ипэ ит командитхур зэрыджэгуа бжьыгъэхэм: «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - 1:8, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - 5:2, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - «**Искра**» (Алтуд) - 1:6, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Акъбащ**» (Акъбащ) - 7:1, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Малкэ**» (Малкэ) - 5:3.

Адрейхэм я зэIущIэхэр мыпхуэдэу иухащ: «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Исльэмей**» (Исльэмей) - 2:0, «**Дохъушыкъуей**» (Дохъушыкъуей) - «**Урыху**» (Урыху) - 2:0.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм топ 26-рэ хьэхуэрэгъуэхэм я гъуэм дигъэкIауэ ипэ щитщ Бэлагъы Руслан («Шагъдий»). Абы кIэлъокIуэ Бэчбо Мурат («Родник») топ 25-рэ. Ещанэ увыпIэр нобэкIэ зыIыгъыр Тамаев Аланщ («Шэрджэс»). Абы зыдэджэгуагъэм топ 24-рэ яхудигъэкIащ.

ДызыхуэкIуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм нэхъ тущIэгъуэн хъуну кьыхэбгъэщынур зэIущIитIщ - «Шагъдий»-мрэ» «Родник»-мрэ, «Искрам»-мрэ «Тэрчымрэ». Тиури щекIуэкIынур тхьэмахуэрщ. Абыхэм нэмыщI зэдзэджэгунухэщ: «Малкэ» - «Кэнжэ», «Псыгуэнсу» - «Спартак-Д», «Акъбащ» - «ЛогоВАЗ», «Урыху» - «Шэрджэс».

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	23	21	2	0	102-21	65
2. «Тэрч»	24	19	4	1	76-19	61
3. «Искра»	23	19	2	2	89-22	59
4. «Спартак-Д»	24	13	3	8	74-45	42
5. «Шагъдий»	23	10	6	7	88-59	36
6. «Кэнжэ»	24	9	2	13	53-67	29
7. «Исльэмей»	24	8	5	11	55-64	29
8. «Шэрджэс»	24	9	1	14	52-81	28
9. «ЛогоВАЗ»	23	8	4	11	39-57	28
10. «Акъбащ»	24	7	5	12	51-86	26
11. «Малкэ»	22	7	3	12	35-66	24
12. «Урыху»	24	6	5	13	50-72	23
13. «Дохъушыкъуей»	25	7	1	17	45-82	22
14. «Псыгуэнсу»	23	5	6	12	45-63	21
15. «Имран»	24	3	3	18	34-84	12

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IэхъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; эдэхэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IэхъуэщIапIэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.623
Заказыр №2110

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iэхъуэгъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iэхъуэ еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ ХЬЭДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэм* **Щоджэн Инна** *(1, 2-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкIуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгуI къалэ, Никольскэ зэрыт, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.